


**LAMPIRAN CERITA NOVEL DURDJANA TAMA  
KARANGAN  
ANY ASMARA DAN SOEDHARMO K.D.**




**ATUR PRIKSA.**

**BUKU SING ABSAH JEN ANA TANDA  
TANGANE SING NGARANG KAJA ING NGI-  
SOR IKI.**

**DENE JEN ORA ANA BISA KITA TUNTUT.**

**NUWUN.**



**—3—**

**ATURE SING NGRAKIT.**

Tjrita iki ora njata, nanging mung "saka pangenta-  
entaning sing ngrakit bae. Nanging senadjan ora njata  
tjrita iki mengku pitutur kang betjik lan kang pantes  
dadi kupija. Mula endi sing betjik pada dienggo, sing ala  
pada dibuwang.

Awit kahananing masjarakat kita iki pantjen ja ma-  
neka rupa, malah nganti sok ora tinemu ing akal. Na-  
nging sok kedadejan temenan.

Kapindone tjrita iki kenaha kagem nglipur penggalib  
katimbang ngrasani alaning lijan. Mula ing pangadjap  
muga2 tjrita iki njata bisa gawe sukarenaning panggalihe  
para maos kabeh.

Nuwun.

Pangripta:

**ANY ASMARA  
SUDHARMO - K.D.**

Demakan Baru 17

April 1965.

### ISINE BUKU IKI:

I.	Baji lahir malem Selasa Kliwon . . .	Katja 5
II.	Durdjana Tama kang dug-deng . . .	" 19
III.	Godaning ati tresna . . . . .	" 37
IV.	Sunar pepadang . . . . .	" 50
V.	Katresnaning Bapa karo anak . . . . .	" 66
VI.	Pungkasaning lelahon . . . . .	" 79

///

### I. BAJI LAHIR MALEM SELASA KLIWON.

SUNARING LAMPU LISTRIK ing daleme Pak Bei Pradjadigdojo kang djembar bawera madangi padeting wengi kang mawa mendung. Udane wiwit sore tansah ngretjeh bae ora lere2. Jen leren mung sedela, bandjur udan bres maneh, ngono bola-bali. Swaraning gludug keprungu gemleger, mula swasana dadi katon sepi njenjet. Omah2 wis akeh sing pada kantjing lawang.

Saja wengi swasana saja tambah sepi njenjet, kaja ngandut wewadi. Sunaring lampu listrik saja katon surem, ora kuwat gawe pepadang kaja sabene. Kahanan saja gawe tintrim panggalihe sing kagungan omah djembar bawera mau, kang dumunung ana kikising kuta Sala sisih kidul. Pendapa kang djembar lan gedong kang ma-grong2 mau saja katon wingite.

— Wis djam pira saiki mas? — mangkono guneme Bu Bei Pradia menjang kakunge metjah sepining wengi kang serem mau. Sakarone isih pada lungguhan ing pendapa tengah.

— Lagi djam sanga. Ana apa ta? — wangslane sing kakung karo nglirik djam tangane kang dienggo.

— Ah ja ora ana apa2, dene kok sepi njenjet temen ngene.

— Witikna wong isih udan, dadi ja sepi.

Bubar iku bandjur pada meneng kabeh. Bu Bei Pradjadigdojo mung ngelus-elus wetenge kang lagi ngandut wis gede. Malah manut petungan wis titimangsane djabang baji lahir. Nanging saka panjuwune Bu bei djabang baji adja lahir ing bengi iku, amarga udan, gek sepi njenjet, bisa lahir sesuk awan bae. Kapindone dina iku persis dina malem Selasa Kliwon, dina kang kaptung klebu dina gawat. Ing pangadjab besuk muga2 baji sing arep lahir mau dadija Wong kang utama, migunani menjang masjarakat kabeh, sateruse menjang nusa lan Bangsa.

Bu Bei Pradja mau umure durung tuwa, malah isih klebu enom, lagi umur 20 tahun. Ja nembe sepisan kuwi arep kagungan putra, sawise krama telung tahun la-wase. Dene kakunge uga isih enom, bangsane umur 25 tahun. Bu Bei klebu putri aju utama, dasare isih turune prijaji luhur. Kasulistyane ngungkuli, pakulilanc kuning nemu giring, pawakane sedengan.

— Mas, aku terna widijk njang kolah.

— Ija ajo.

Tekan lawang sing arep tekan pawon Bu Bei katon kaget.

— Lho mas, lawange kok menga. Dek mau wis dak kantjing.

— Ajake mbok Sana lali nutup maneh.

— Ah apa ija.

Bu Bei bandjur menjang kamare bature, tinemu wis kantjungan rapet, bandjur digugah wani.

— mbok mbok, lawange pawon mau apa wis kok kantjing.

Bok Sana metu karo isih utjek2 mripat, mangsuli.

— Kala wau rak samipun dipun kantjing ndara putri pijambak, kula boten rumaos mlebet dateng pawon.

— Kok lutju, lawange saiki wis menga.

— Ah ajake dek mau sli amu lali djeng. Lawang durung dikantjing, saka rumangsane wis dikantjing ngono.

— Ora ki mas, aku eling, dek mau wis dak kantjing tenan.

Wong telu mung pada pandeng-pandengan, pada duwe gagasan clewe2. Udane wis wiwit terang, nanging kaharan isih tetep sepi, malah bola-bali keprungu swa. Swaranning manuk kolik kang saja gawe mirising ati, hganti sing krungu pada minding gitoke.

Lawang pawon enggal dikuntji maneh dening Bu Bei Pradja, nanging atine tetep ora kepenak, kaja2 ing bengi iku arep ana apa2 sing njalawadi.

— Djam pinten sapunika ndara.

— Djam sanga kliwat, mula sing tengen anggonmu turu.

Bijuh2, dene lagi djam sanga, dene kok kaja wis wengi temen, lan mripatku kok pidjer ngantuk bae, kaja ditjelung.

— Mula kuwi, sabene djam rolas kowe nembe turu, saiki kok aripan ngono, djam sanga wis turu kepati, ja wis kana turuha maneh. mengko jen aku butuh apa2, kowe dak gugah.

— Inggih ndara.

Bu Bei Pradja bandjur nerusake menjang kolah. Swasana saja sepi njenjet. Swaraning manuk kolik saja katon ngganter nembus sepinng wengi.

— Lho mas djrambahe koh teles ngene, mangka dek mau ora ki. — guneme Bu Bei bareng tekan ngarep kamar pasarejane.

— Lho kok ija teles ngene, kok lutju, dek mau ora apa2.

— Lho mas, iki kok kaja tipak sikil semene gedene. — Bu Bei karo tuding2 ing podjokan.

— Endi? Lho kok ija — wangulané kaget. Wong loro pada pandeng-pandengan maneh.

— Ah adja2 ana wong mlebu mrene.

— Nanging iki dudu tipak wong lumrah mas noba pirsanana, iki tipake luwih gede ngono. Adja2 tipake . . . . . kjaine gen . . . . .

Bu Bei Pradja ora wani nerusake guneme gedene dadi mengkorog wedi awake ndredeg, putjet prawauna. Den Bei semono uga, wong loro dadi-wedi dadakan.

Enggal2 Den Bei nitipriksa kahanan dalem' kanui ati trataban. Nanging kabeh katon sepi, ora ana sabawa ning kumliwering wong. Bandjur enggal2 mlebu kamar, kantjing lawang.

- Iki rak malem Selasa Kliwon ta mas.
- Ija djeng.
- Kengetan ora dek kondur saka Klaten kae, motore rak nggembos ta?
- O . . . , ija, aku kelingan. Ana' apa ta?
- Mangsa ora kengetan mas. nDaru sing tiba ana saduwuring daleme dewe kae.

Pak Bei mesem.

— Ah adja aneh2 tac ta, wong mung. lintang ngalih bae digugoni.

— Kae dudu lintang mas, nanging ndaru. Sawidji-wahju, ngono manut pangandikane romo Kangdjeng. — ngendika ngono karo njandak astane sing kakung ditumpangake padarane sing lagi ngaudut.

— Pandjenergan rak ja remen ta, jen besuk putrane kakung tur bagus pinter lan setya marang Gusti. Dadi besuk rak ana sing bakal nerusake turun kita, lan ngurusu perusahane dewe iki. Ah saiba senenge besuk. — Bu Pradja bandjur ngeremake mripat, sembahjang ngluhurake asmaning Gusti.

Jen digagas, Pangeran pantjen adil, wiñ ana telung tahun anggone krama, nembe saiki diparingi putra. Mangka kantja sabarakane wiñ pada momong kabeh, teka deweke durung, lagi saiki arep diparingi. Mulane Bu Pradja banget suka sukure menjang Gusti. Dongane tansih ndremimil, tansah madep menjang Gusti kang sawidji.

- Mas, mas, pandjenengan wiñ sare.
- Kakunge ngulet karo mangsuli.
- Ana apa ta djeng.
- Wis sare.

— Lagi salijepan, wong ngantuke eram ngene. Ana apa ta djeng?

— Aku wedi mas, wunguha ta. Galo pirengna, swa-nongo.

— Wiñ ta djeng adja wedi2, ngono bae wedi, pantjen wiñ unine manuk kuwi ja kaja ngono. — panjapihe

— Nanging aku wedi kok mas, gitokku pidjer min-ding bae.

— Mula gawenen sare bae djeng, supaja wedine ilang.

— Wetengku mules lan lara mas.

Tenan apa, — karo wungu, den Bei kaget. Tenan mas, wetengku krasa lara, mules rasane. — guneme karo muntar muntir njekeli padarane.

— Mengko gek arep babaran.

— Ajake mas.

Weruh kahanane sing putri kaja ngono Den Bei Pradja bandjur metu, nggugah bature, supaja nunggoni ben-darane. Dene Den Bei Pradja bandjur terus lunga, arep ngundang Bidan Bu Padmo.

— Wis ja djeng. dak tinggal sedela, aku arep me-njang daleme Bu Padmo.

Bu Pradja mung mantuk, ora njandet kakunge, lali ora utusan bature bae. Pantjen wiñ dadi pakulinane kakunge, saben2 ana pagawean ditjaki dewe, ora tau kong-konan, jen awake bisa nandangi. Mangka daleme Bu Bidan Padmo iku rada sawetara dohe, gek wajahe bengi, tur mentas udan pisan, dadi jen arep utusan, rada owei panggalihe. Ora suwe kakunge wiñ ora katon malah lawang dikantjing saka ngadjengan dening kakunge, amrik mengko tekane ora dodog2 maneh.

— mBok . . . wetengku . . . wetengku lara ba-net mbok, tulunganana, - pandjelihe Bu Pradja karo ngu-

Iat-rgulet njekeli padarane, polahe kaja krupuk urang dipanggang. Kringete metu dleweran kajé diperes. Rambute sing rijom nutupi praenane kang putjet, kaja rembulan tanggal limalas kang tinutuhan mendung.

— mBok Sana njedaki.

— Kados pundi ndara, kados pundi.

— Wetengku lara banget mbok, tulungana galekna wedang anget. — pandjelihe maneh rada sora. mBok Sana mlaju menjang pawon. Bu Bei atine wis entek, arep tangi ora kuwat, kaja ana sing nggendloli. Mripat pidjer noleh ngingawa nengen, kaja ana sing digoleki. Bareng noleh menjang ndjrambah, weruh tipak dlamakan gede ana kono, kaja tipaking gendruwo. Ija djalaran saka tipaking dlamakan mau andjalari dadi lan wedine. Sanalika wedine tukul maneh, mula bandjur ndjerit sakajange.

— mBoooooooooooooook . . . . . !

Swarane tetep antep gumolong ing wengi kang sepi. mBok Sana dadi bingung, ara ngerti apa sing arep di-tjandak. Mlaju mrana, mlaju mrene bingung dewe. Swaraning manuk kolik lan tuhu nirabrungr njela2.

— mBok enggal wedange.

mBok Sana dadi saja bingung, bandjur tjetik geni, dilalah koreke medjen, bola-bali pentole rek ora pasah, dadi suwe, kira2 wis ana pentol rek rongpuluh sing dibuwang, nembe oleh geni. Bandjur wiwit nggodog wedang.

Sapungkure mBok Sana, Bu Pradja tansah muntarmuntir bae karu njekeli wetenge kang krassa lara banget. Saka pangrungune Bu Pradja mBok Sana lagi teka nggawa banju wedang manget2, awit krungu swara dag-duku kaja lakune mBok Sana. Awit pantjen iku kang diarep-arep, Sepi kaja ngono sok nuwuhake gagasan ora enak, ketambahan swarane manuk kolik lan tuhu saja ngganter medeni. Mripate Bu Pradja tansah tumudju menjang lawang menga ora leren2.

Nanging sepira kagete, bareng weruh mak bedengus blegering wong gede duwur brewok, ieng kulite, ngadeug djedjeg ana ngarepe karo nguntir brengose sing sak kepel sisih. Tangane kebak wulu diwut2, mripat mandeng menjereng menjang Bu Pradja. Sanalika iku Bu Pradja ndjerit sakatoge, sarta bandjur ora eling apa2. Pandjerite Bu Pradja dibarengi metune djabang baji saka guwa garbane, baji muni mak tjenger, nanging Bu Pradja wis ora eling apa2.

Weruh Bu Pradja ora eling lan djabang baji lahir, wong gede duwur mau trengginas kanti tjukat trampil, terus mondong djabang baji mau digawa mlaju metu dalam butulan, ora ana sing weruh. Djabang baji digendong nganggo slendange Bu Pradja sing lagi ora eling. Lan wong gede duwur mau ora lali nglolos gelange Bu Pradja sing diagem, terus nggeblas ilang nasak wengi kang sepi lan peteng.

Swaraning kolik lan tuhu saja ngganter saut-sautan terus. Kaja2 dadi seksi, jen bengi iku ana djabang baji lahir terus ilang. Sapa wong gede duwur kang njolong baji mau? Apa deweke bangsaning lelembut gendruwo? Dudu, deweke uga manungsa lumrah bae, sawidjining maling aguna.

Apa sababe deweke njolong baji mau? Apa arep dimangsa? O ora, deweke manungsa lumrah sing ora gelém mangsan bangsane. Nanging anggone njolong baji marga deweke nduwensi kapijandelan gede, jen bisa njolong baji lahir ing dina malem Selasa Kliwon, bakal tansah oleh redjeki gede, saka prabawane botjah mau. Djarené botjah lahir wetone dina Selasa Kliwon mau jen ala, ala banget, nanging jen betjik- betjik banget. Bisa dadi pudjangga lan ngulama. Apa maneh jen botjah mau naliko ana wetengan ketiban ndaru, bakal ngggawa prabawa gede.

Ja marga saka bab mau deweke bandjur njolong bo-  
tjah mau, awit ngerti jenbaji mau ketiban ndaru. Sebab

Sebab nalika semono deweke uga ora adoh saka kono, krungu pangandikane sing kagungan omah. Nijate sakawit arep malingi omah kono, bandjur dadi wurung, ganti njolong baji.

Kotjapa caleme Bu Pradja, bareng weruh jen bajine ilang, bandjur dadi gejer rame. Manut keterangan. Bu Pradja dewe bareng wis cling, njaritakake jen ditekani wong gede duwur, brewok, brengose sakepel sisih, tanganc diwut2 metu wulune. Saking wedine Bu Pradja ndjerit, bebarengan karo lahire djabang baji. Baji terus ilang di gondol gendruwo. Awlt saka pangirane Bu Pradja, sing teka mau dudu woung lumrah, nanging gendruwo. Pak Bei Pradja mung deleg2 dijiritani ilanging djabang baji mau, awit durung ngerti lanang lan wacone baji mau. Nanging Pak Bei Pradja ora perjaja banget menjang kandare sing putri, deweke ngira jen sing njolong mau bangsaning wong lumrah, sing supaja oleh tebusan kaja tjritané wong Eropah, akeh baji ilang, mung perlu golek tebusan. Mula bab ilanging baji mau bandjur dilapurake menjang Pulisi. Pulisi dewe terus njebar telik-telike menjang endi2, nanging nganti sepasar nuksa ditung oleh gawe, baji tetep ilang tanpa lai, andadekna sedihe Pak Bei Pradja sekalijan. Pak Bei Pradja mestekake banget jen sing njo'ong anaké mau wong lumrah, bangsaning maling, awit ilanging baji uga dikanteni ilanging gelange Bu Pradja, lan slendange, kang mestine kanggo nggedong bajinc.

\*Let sesasi.

Dek djamane emben2 kae, sacurunge Djepang ndjadah, Sala klebu sawidjining kuta kang dadi pundjering kasusastran Djawa, malah sakabudajane pisan. Luwh2 dek djamane sugenge swargi R. Ng. Ronggowarsito, lan sabandjure tekan R. Ng. Jasadipura. kena diarani nggajuh ing djaman kentjana rukmi.

Nanging bareng sabubare Djepang, kuta Sala katon kabeh pakarjan mung tumindak lumrah, malah kena

diarani kepara kendo. Djamar sing keri iki bangsaning kasusastran mung kaja kari pletiking gradjen, mung jen dioker-oker isih mlerah isih krasa anget.

Saiki kang kari mung rasa pangangen-angcen. Kabeh mau wis mungkur. Saiki djamane wis beda, wis salin, karemancé wong nonton menjang bioskop. Mula jen ana bioskop bei jik, sing nonton padet, senadjana bajare dadi larang ja ditradhang bac, udana pisan ja diterak, waton bisa nonton. Tontonan lijane pada kasilep, ora patija paju.

Lan sabubare Djepang mundur, akeh bangsa kita kang bandjur kesrakat merga kabeh mau ja saka gawejane Djepang. Ing ngendi-endi akeh kere2 kang ora duwe dunung, pating klekar ana ngarep toko jen turu, terkadang akeh sing ana ngisor kretek. Ja kaja mangkono mau tinggalane Djepang anggone djadjah kita ing dalem telung tahun kliwat setitik.

Sarta ing sandinge kere2 mau, akeh kembang2 larangan kang saba ing wajah bengi, turut lurung sing peteng2. Apa maneh djuara tadah tangan alias tukang sebrot pada pating klemprak. Malah ing pinggir dalan gede ija ora kurang. Nadyan wis ana penampungan, nanging bangsaning ngané mau isih ana bae. Njataue pada kepepet ing panguripane.

Wage mangkono djenenge nonoman kang jia dadi tadah tangan kang wargane akeh, dek kawitane dikarang tjrita iki lagi nandang sedih. Saben dina uripe saiki ganti pepiman, jen kalimpe lagi gelem njolong. Wage mau senadjan dadi ewone wong mbambungan, uga duwe bo-djo lan ja duwe anak. Saiki lagi nandang lara, tefuron ana sangisoring kretek Djurug, kumpul kantiane pirang2. Kretek kang malang, ana saduwuring Kali Bengawan Sala, pinggir kuta sisih wetan.

Pantjen wis pirang2 dina tansah udan, bae, terang mung sedela, bandjur udan maneh gede nganti suwe

Mula banjune bcngawan dadi saja kebak, saja menduwur, meh papak karo tanggul2.

Wage pepriman urut dalan gede, lan bandjur menjang daerah Pasar Pon golck tong2 sing isi panganan. didjupuki dilebokake merjang kantong, arep kanggo ngempani sing wadon lan anake sing isih baji tjilik, kirai2 lagi umur sesasi. Sing wadon anggone lara ja mergamentas nglairake anake mau.

Dilalah wektu semono ana garukan saka pihak Pulisi. Wis rong truk kebak kere sing kena digaruk. Wage bareng weruh, terus mlaju sipat kuping, wedi jen nganti kegaruk, gek mengko kepije nasibe anak bodjone. Mula Wage plajune saja banter, sipat kuping, mlaju menjang kreteg Djurug, marani anak bodjone. arep digawa lunga, kuwatir jen kena garuk.

Napase Wage nganti kempis2, kaja swaraning sepur. Nanging suwe2 tekan sing ditudju.

— He kuwi sapa. Arep njang endi. — pitakone Wage bareng tekan kreteg weruh wong ngempit klasa.

— O kang Wage. Aku Siman, arep ngalih.

— Ana apa. Adja njang kuta, lagi ana garukan lho.

— Ja ben digaruk, katimbang ana kene, kaline lagi bandjur.

— Lha Tajem keprije.

— Ja embuh. Kae mau ja isih katon ndjingkrung ana kana ngeloni anake.

Krungu wangsular. kaja ngono Wage terus mak brubut mlaju, arep ngukup bodjone lan anake awit banjune kali wis duwur, meh papak karo tanggul. Weruh banju kang milak2 sawo mateng mau Wage rada ngedap atine, kuwatir jen bodjone digawa banju.

Tajem jaiku bodjone Wage bareng krungu sing lanang teka, atinebungah, nanging ora bisa tangi, awit awake lara kekuwatane wis dirampas dening setan luwe kang ngrator.

sedina muput, tumbah sawengi, nganti melek bae sasat ora kuwat.

— Kang Wage. — pangundange Tajem

— Jem, Tajem, — wangulan karo mlajoni.

— Endi kang, oleh panganan apa. Kene aku ndjaluk, selak ngelih banget.

Wage ora mangsuli terus ndodok, kasange didudah, kebak panganan rupa2 tjampur dadi sidji kang wis ngganda ora enak. Suprandene Tajem anggone mangan dokoh banget, nganti meh entek sakasang. Wage mung deleg2 njawang bodjone anggone mangan kang sadjak enak banget lan dokoh pisan.

Nanging sepira kagete Wage, bareng sikile krasa adem. lan bareng didemek djebule banju. Kali Bengawan Sala lagi bandjur gede banget. Wage mlumpat karo mbengok.

— Jem, bandjur, Jem, bandjur.

Kiwa tengen tambah peteng, njatane wektu semono wis meh djam sepuluh bengi. Swaraning banju saja suwe saja kemrosak, terkadang malih anteng dadakan. Malah lamat2 katon ana omah kang keli.

Trengginas Wage njandak Tajem dipanggul. Nanging bandjur kesusul swaraning baji nangis. Wage dadi kaget, eling karo anake sing meh kelalen. Tajem diselehake. Nanging bandjur ana banju teka, Tajem katut ilining banju. Wage saja kaget. Anake sing isih baji dipondong, tangan kiwa, tangan tengen ngranggeh Tajem, nanging loput, awit bandjire saja gede. Wage eling, bandjur mak brubut mlaju menjang dalan gede, Bajine handjur diselebih pinggiran dalan. Rekane Wage arep nulungi bodjone, arep nggebjur nututi. Wage ora toleh ing bebaja, terus ambjur ing kali kang bandjur. Wage ora bisa nulungi sing wadon, malah awake dewe dadi glagepan, lan ora suwe Wage anteng digawa banju kang kemrosak, embuh menjang endi. katut ing pepeteng. Wage ilang tanpa lari, mangkono uga Tajem.

Baji sing ditinggal tansah nangis, tjenger-tjenger ora leren2, ing pinggiring dalan. Dumadakan bandjur ana motor mandeg.

Motor mau sing duwe Pak Bei Pradjadigojo, sing nunngangi Guritno, rajine Pak Bei Pradja dewe, karo Inspektur Gunawan, sing wis pirang2 dina melu nggoleki ilangsing djabang baji putrane Pak Bei. Guritno anggone nggoleki ora leren2, lan tlesih banget, saben panggonan kere2, lan panggonan maling2 ditekani, nanging tansah ora ana.

Guritno bandjur ngadjak mitrane kang dadi Inspektur Pulisi, jaiku Gunawan, didjak nggoleki menjang endi2. Saka usule Inspektur Gunawan bengi iku Guritno didjak menjang kretek Djurug, mbokmanawa ketemu ana kana. Kabeneran tekane Djurug lagi bandjur, mula motor bandjur diendegake ana ing pinggir dalan, rada tje-dak karo kretek.

— Mas Gunawan, apa bener baji putrane kangmas ana kene.

— E ja tjoba2 bae digoleki, kalah tjatjak menang tjatjak, karo maneh wong nijat nggoleki ja kudu sing tlesih, sapa ngerti mengko ketemu ana kene, awitjen ora salah ngisor kretek kuwi sok kanggo pandelikane wong ala lan kere2.

Guritno ora mangsuli, bandjur medun ngetutake la-kune Inspektur Gunawan kang njekeli batre. Lakune wong loro milang-miling. Weruh kali bengawan lagi bandjur mau Guritno rada ngedap atine.

— Hem bandjire gede tenan mas, ajo njingkir rana bae.

— Sliramu wedi apa dik.

— Jen karo banju kang ngilak2 kaja iki ja wedi.

Dumadakan Inspektur Gunawan kaget, krungu panangising baji. Mriplate pada pendirangan nggoleki mrana2.

— He . . . apa kae: — pambengoke Inspektur Gunawan karo nggered Guritno, tumudju menjang tanggul dalan tjilik.

— Ja Allah . . . wangune kae mas. Ajo enggal diparani

Wong loro pada kagete, bareng weruh baji gumletak ana tanggul tanpa kanti. Baji mau lanang, lan umur-umurane kira2 ja nembe sesasi.

— Wis genah iki putrane kangmas sing ditjolong — nongo kandane Guritno.

— Sabar disik dik. Tjoba tamatna rupane, apa ja ana empere karo mbakju lan kangmas Pradja.

— Ah wis tjeta, rada ana empere iki mas. Sa-rehnlip isih baji dadi durung katcn pamore sing bener. Teka kurang adjar temen sing njolong kuwi. Minggat njang endi.

— mbokmanawa deweke wedi weruh tekaku lan sli-ramu, bandjur dtinggal mlaju bajine ora kober nggawa, nuli ditinggal ana kene. Nanging endi tandane gelang lan slendange Bu Pradja. kok ora ana dik.

— O wjake gelange wis didol, lan slendang ja nongo. Bab ilangsing barang loro mau ora dadi sebab mas, waton baji iki ketemu.

Baji bandjur didjundjung dening Guritno, nuli di-emban.

— Kok kuru temen ta dik.

— Mestine kurang mangan lan kurang nusu, mula bandjur kuru ngene. Wis ajo mas enggal kondur. saiba bungahé kangmas sekalian jen putrane bisa ketemu. Kira2 delig2e mbakju ilang dadakan.

Wong loro bandjur mlebu motor, motor enggal dilakokake bali menjang daleme Pak Bei Pradjadigojo.

Emane Wage lan Tajem sing dadi seksi utama wis ora kena ditakoni, awit sekarone wis pada mulih menjang

ngarsaning Pangeran. Mula baji mau tetep diaku dening Guritno, jen iku putrane kangmase. Lan nasibe baji mau wangune ketiban pulung tenan, mestine mengko bakal disandangi sing sarwa kumplit lan anget, lan pangan sing ijukup, ora kaja nalika melu wong tuwane dewe, kang saben dina adem katién lan kurang mangan. Gek panggonane cra adjeg, terkadang ana ngisor kretek, terkadang ora emperaning toko2.

Bengi iku daleme Pak Bei Pradjadigdojo dadi rame dadakan. Akeh tangga-teparo sing pada teka mrono, perlu njatakna bajine sing ilang bisa ketemu maneh. Sing luwih bungah Pak Bei sekalian, bareng baji teka terus dirampa kanti senenging atine, saja bareng baji mau disusoni bandjur gelem lan mencng bungahe Bu Pradja saja tumpuk undung.

Kahanan omah kang sabene udan tangis, udan kasidihan dadi malih grembjang, dadi udan kabungahan lan kasenengan. Sing tilik tansah ndlidir saben dinane tanpa kendat. Senadjan Pak Bei Pradja metu duwit akeh, nanging penggalihé seneng, margo anake bandjur bisa ketemu. Malah sadjak kaulan, dianakake kenduren lan dikiran nganti seminggu. Embuh entek pirang atus ewu rupiah bae ragade, ora ana sing ngerti.

Putrane bandjur diparingi djeneng pisan jaiku Pudjo, kang tegese pepudjan, awit wis nate ilang bandjur bisa bali maneh. Saiki awake Pudjo lestari dadi gede, mundak dina saja mundak. Let karo tengah tahun wis bisa mlaku dewe. Awake saja tambah santosa. Umur nem tahun wiwit disekolahake.

\* \* \*

## II. DURDJANA TAMA KANG DUG-DENG.

LELAKON ING NDUWUR nganti seprene wis ana 17 tahun kliwat, Wis mesti bae sadjroning 17 tahun mau nggawa owah-owahan kang ora setitik. Botjah kang bijen isih baji, saiki umure wis 17 tahun. Kosok baline sing bijen wis tuwa, saja tambah tuwa maneh. Malah wis ana sing tinggal donja barang. Kahanan lija-lijane uga ngalami owah-owahan rupa2.

Bedjo awake mundak dina saja mundak kukuh lan kuwat. Umure 17 tahun awake kebak otot kentjeng. Pawakane gede duwur, meh kaja bapake. Praupane senadjan ora nganteng, nanging klebu gagah, pakulitan ireng manis awake sembada. Mriplate mentjereng, alise ketel, nelakake bebuden wanter lan kendel.

Bedjo sarehning dadi anake wong lumrah, tur ana desa pisan, mula sandang panganggone uga lumrah kaja botjah desa. Pegawejane kasar, saben dina angon wedus menjang tjedak alas. Karo bangsaning kewan galak ora wedi, awit wis kulina. Malah wis nate perang tanding karo gogor idjen, amarga gogor mau nubruk tjempene kang lagi diengon. Gogor sida mati ana tangane Bedjo, sarana mung gaman arit bae.

Bedjo uripe mung karo bapake kang wis tuwa, nging isih pengkuh. Sarehning Bedjo saben dina sasat mangan gebug, mula awake dadi saja kuwat lan santosa. Jen mung didjot's bae mung digeguju, mula tansah diteringi dening kantja kantjane angon, kabeh pada wedi karo Bedjo. Bapake Bedjo mau wong kasar lan brangasan. mula tumuse menjang anak ja kaja ngono, isih tjilik wis melu brangasan. Mung Bedjo rada ana welase karo sepadapada, saja karo wong mlarat Bedjo tansah welas. Mula jen duwe panganan aluwung deweke ora mangan, trima diwenehake marang wong sing kesrakat uripe. Muja Bedjo ja disujuti dening wong akeh.

Bapake wis tuwa, lan ora nate katon njambutgame,

*pratiksa bandulan*  
supra idene ketjukupan. Jen lunga sok nganti sepa sar, mangko batine wis ngrembuiut nggawa duwit akeh, embulu saka ngendi pinangkane. Bedjo ora tau ngerti, lan ja ora tau gelem takon Omahe mentijil, malah tjudak alas vediaten. ana ereng-erenging Gunung Merapi sing sisih kidul.

Sekolah Bedjo mung tekan sekolah Dasar bae, ora nerusake maneh. Njatane desane adoh sekolah an sing rada duwur, paling banter ja mung sekolah Dasar kuwi, kuwi bae wis klebu ondjo.

Wajah sore mau Bedjo lungguh lenger2 ana sadur urig watu item ing pinggir kali. Aune sedih, satab bapake tansah kereng banget. Malah sadjroning semringgu iki bapake katon keras banget aune, salah sih bac Bedjo mesti nampani gebug, apes-apes oleh garan sapu. Bedjo nduweni nijat arep minggat, awit ora krasan melu bapake sing kereng mau. Dohe desane mengjang Gondangwinan ana 12 kilo meter dohe iku ora dadi sebab Sing dipikirake mengko jen wis tekan kutu, arep njambutgawe apa, lan melu sapa. Mula pikire tansah mubeng terus. Nanging nijate wis kenjeng kaja dalan sepur, kepengin lunga saka desane, arep golck pangalaman ana kuta gede, kaja kantjane lijane, saben mulih nggawa duwit akeh, lan sandangan anjar. Bedjo kepengin njandang sing bregas, lan njekel duwit sing akeh.

— Apa perlune aku terus melu bapak. Bapak wong kereng, lan tegelan. Aku saiki wis gede, kudu golek sandang pangan dewe, kaja kanija-kantjaku kae, ngono grenenge Bedjo karo njoklek2 wilah kang kanggo nggiring weduse. — Bedjo menjat, bandjur nggiring weduse digawa mulih.

— Wis sore nembe mulih, botjah ndableg, dikon angon mung dolan bae, ngono pambagene bapake bareng weruh Bedjo nembe teka. Ora lali tangane kurnlawe nempiling sirahe Bedjo. Plek..... plek..... !

— Gento tjilik iki,— ngono tambah pisuhane,  
— Bedjo mung meneng ora mangsuli.

— Kana kae jen arep mbadog, kae segane ana lintjak. — sambunge anggone misuh.

Esuke Bedjo sida minggat temenan. Djam papat esuk wis tangi, bandjur alon2 ninggal wong tuwane sing isih turu. Lakune Bedjo gegantjangan,, kuwatir jen ditututi ba'pake, Bedjo mung nggawa sandangan sing dienggo bae, kang wis kulu2 rupane, tur tembelane wis akeh.

Tekan Pasar Kembang ora nganggo mikir dawa terus marani bakul tela kang lagi anjang-anjangan karo bakul lijane. Tase kena disaut, terus digawa mlaju. Pajnante rikat, persasat mung sagebjarung tatin, tase Tionghwa kena disaut digawa amblas. Tas didjupuk diwite, kang rada lumajan isine. Duwit dikantongi, tas dibuwang menjang pinggir dalan, Bedjo nerusake lakune bablas.

Bedjo mlaju, nututi lakuning kreta kang ana ngarepe, bareng tjudak, Bedjo terus mbontjeng. Nanging apes, wong mung mbontjeng bae dikandakake menjang kusire. Bedjo nuli disabet nganggo petjut. Bedjo mung meneng bae. Kusir andong rumangsa mangkel disepelake. Bedjo nuli dipetjut maneh. Bedjo krasa lara pundaleke. Petjut nuli disaut kena, bandjur dibuwang. Kusir andong saja kemropok atine. Andonge kepeksa mandeg. Kusir enggal mudun, terus nglarak Bedjo. Bedjo ditempilingi sakajange, nanging ora gelem males, malah mung gumu bae.

Kusir andong rumangsa kaja disepelake banget karo Bedjo, anggone nempiling ora dirasa, malah digeguju, mula bandjur muntah kanepsone maneh. Bedjo didugang, nganti sing pada niunggang welas karo Bedjo.

— Bok empun ta kang mesakake.  
— Kadjenge ben kapok lare iki.

Mangsuli ngono karo ndjedjak wetenge Bedjo saka jange. Bedjo nembe krasa lara, wetenge plintiran mules. Mula bandjur muntab nepsune. Kusir andong kang kuru mekingking mau diwalcs, dikampleng, sepisan ora



**Kusir andong sing kuru mekingking diwales,  
sapisan ora sambat tiba ndjungkel.**

sambat, tiba ndjungkel, tjangkeme ngetokake getih, lan mripate gondar-gandir metjiijil karo gereng2 sambat lara, ora bisa tangi.

Kebeneran banget ing wektu semono bandjur ana truk sing lagi petukan, dadi lakune rada alon. Kaja ke plasing tatin Bedjo terus njengklak. Sopir lan keneke kang ana ngarep ora nglegewa jen ana penumpang anjar, njanane panjengklake Bedjo ora krasa.

Ja kaja mangkono sabandjure Bedjo anggone minggat, tansah nunggang truk gonta ganti ora bajaran, lan slamet ora konangan. Saiki Bedjo wis tekan kuta Semarang, kuta gede sing Bedjo nembe ngambah. Saiki Bedjo wis adoh saka desane. wis ora kelingan weduse, ora kelingan wong tuwane sing galak lan kereng. Bedjo saiki wis dadi botjah kang bebas merdika sakarepe dewe.

Wewatekane Bedjo pantjen nganjelake, ja keras, ija buteng, ja tegelan, ja tjepak nesune, nanging ja welasan. Jen weruh kantjane glandangan ora mangan ora mentala, bandjur diwenehi duwit, dikon djadjan, mula kantjane dadi akeh, lan pada ering karo Bedjo. Bedjo saiki nielu dadi kuli, ana setatsiun Tawang. Jen diwenehi buruhan ora murwat sok nesu. terkadang malah ngantemi sing kongkon. Malah sok2 Bedjo uga nindakake kadjuligane, gelem njolong barang sing wong sing mentas lelungan. Jen oleh-olelihan kaja ngono Bedjo ora lali karo kantjane, bandjur didjak menjang warung djadjan, mula kantjane seneng.

Nanging uga tau tetulung karo sing ringkih. Ana wong wadon tuwa, ngembän anake, mudun saka sepur kopere terus ditjopet dening tukang tjopet, Bedjo tetulung, tjopet diadjar wani, nganti ora bisa tangi. Bandjur ana maneh, sawidjining kenja lagi enak2 mlaku ana Pasar Jaik, bandjur disebrot kalunge dening wong loro Bedjo weruh, enggal tetulung, tjopet loro kena diadjar kabeh, nganti gudras getih, kalunge bali. Senadjan tjopet

mau pawakane gede duwur, meksa kalah karo Bedjo, sing sasat otot kawat balung wesi.

Lelakone Bedjo kala2 ja lutju. Manawa atine sedih, lan ora nijekel duwit, gek wetenge luwe, deweke ora isin pepriman. Bakul2 sing pada ngerti ja gelem tetulung menehi paugan. Malah terkadang sok dikon ndjupuk dewe endi sing disenengi.

Nanging jen ketanggor bakul sing mangkelan sok nguman-uman. Bedjo dadi sok mangkel, malah bandjur ngekat. Kaja kedadejan ing stanplat bis.

— Ju ndjaluk segane ju.

— Hem, wong gagahe kaja Gatutkatja ngono kok ngemis, ora idep isin.

— Wetengku luwe ju, ora gableg etje (duwit) suk jen wis duwe tak bajar.

— Ora butuh weweh, kana minggata, botjah kesed.

— Ja sepihan dji iki bae ta wis.

— Ora butuh ngingoni wong kaja dapurmum. Rumangsanc apa aku iki baturmu.

— Jen dudu baturku ja wis bodjoku ta. Gelis tjah aju, wetengku selak luwe wis klintiran ngene.

Sing duwe warung rumangsa dinjek karo Bedjo bandjur nesu.

— Kere edan ora tata. Kana minggata, jen ora gelcm apa klakon tak grudjug banju wedang apa.

Krungu wangsanan kang njerikake ati mau Bedjo uga bandjur dadi nesu. Bandjur tjekat-tjeket djupuk endog loro lan iwak gimbal, terus lunga. Sing dodol bengak-bengok dienengake bae. Bedjo lunga kanti gumuju.

Bedjo manggone ora adjeg. Nanging jen manut lajang penduduk, Bedjo manggone ana omahe Bok Setro randa anjar ing kampung Kembang Paes. Ja mbok randa Setro mau kang tansah njawisi pangane Bedjo. Jen Bedjo oleh

duwit, dipasrahake mbok randa, jen pinudju ora duwe, ja ora mbajar, awit Bedjo dewe sering tetulung. kantjane jen kantjane nudju ora duwe duwit. Malah Saiki Bedjo sering sabi ing stanplat taksi, koro adjar dadi kenek, deweke inclu adjar sinahu bab mesin motor.

Sawidjining Sedun biru tjiri H 999999 medot rame ning dalan Slamet Rijadi ngarep moseum Radvapustaka, menggok ngalor mlebu menjang pckarangane Hotel Dana Hotel kang wis kondang betijke ing kuta Sala.

Sawise sedan diparkir, saka ndjero katon ana noneman bregas metu, terus marani sawidjiniug kamar. Nanging lagi bae ngantjik emperan, wis dipetuk dening sawidjining kenja aju, karo tjefatu lirih.

— Lha mas Djadi endi2 mas, kok ara tindak rene.

— Ora kersa.

— Elo llia piye. Dek mau ngendika kersa, saiki ora.

— Ja cmbuh, njatanc ja ngono.

Kenja kang sulistya mau djenenge Sulastini. Tekanc mrono perlu plesir karo Sudiadi kang mase nakndulur kang daleme ana Surabaya. Nanging sedjatine sing perlu jaiku kepengin mlaku2 koro prija bagus Bedjo Santosa saka Semarang, perlu ngungkat bab katresnan, Ija prija kang nembe teka mau sing djeneng Bedjo Santosa.

— Ah anu kok dik Tin, dek mau aku malah dikon ngeterake njang Kepatihan. Embuh njang dalenie sapa, aku ora ngerti, malah sadjak2-e kagungan . . .

— Dedckan, rak ija ta mas.

— Ija sadjake.

— Ah ja wis jen ngono. Lha mengko djare arep mrene apa ora?

— O . . . ija, dek mau aku diwelingi meh lali Mas Djadi djarene sesuk mruput arep kondur menjang

Surabaja. Sarehning ora bisa pamitan, mula ndjaluk maaf karo sliramu dik.

— Elo kok ngono. nDjur piye mengko.

— Ja ora apa2 ta dik, wong genah aku ja ana kene ngono.

— Lha kantjaku sapa.

Ja aku ngono ta.

— Ja wis jen ngono tindak saiki bae apa mas.

Ija kena, nanging tindak bae, ngiras nonton ombaking wong Sala.

Wong loro sida mangkat mlaku, alon2 ka ro njawang untabing wong sing pada liwat. Pantjen kuta Sala sedje karo kuta lijane, apa-apane sarwa narik kawigaten kabeh. Wong loro anggone mlaku tansah alon. Sing kakung bregas gede duwur lan sèmbada. Sing putri ajune uleng-ulengan, pasangan sing wis matuk banget. Mula lakune genti dadi sawangan wong akeh-

— Nitih betjak bae apa dik.

— Djare tindak bae, saiki ngadjak nitih betjak.

— Mengko gek telat tekan kana ora oman kartjis.

— Telat djam pitu, ja djam sanga ngono ta mas.

— Apa ora kawengen, mengko dik Tin ngantuk, lan rewel.

— Ora ta wis mas, djandji pandjenengan terus ana sandingku bae.

Tekan ngarep gedong U.P. sing arep nonton wis djedjel rijel; nganti blabar menjang dalam gede.

— Mas mundut ndjaba bae, wong sing nonton semene akehe.

— Ah adja dik, mundak ditjekel Pulisi. Kene dak antri bae, sliramu ana kene disik.

— Bedjo Santosa nuli enggal nlesep ing ombaking wong antri. Deweke jen mung suk-sukan bae ora wegah awit wis kulina.

Sulastini bandjur ngadoh, ngadeg idjen tanpa kanti.

— Bade misani punapa djeng? ngono pitakone sawidjining nonoman nggantieng ana sanding.

Sulastini noleh, mak deg kaget atine, awit sing pitakon mau praupane wis meh pada karo kekasihe dewe Bedjo Santosa. Gede duwure uga pada, mung nonoman iki rada duwihi kasar tindak-tanduke. Umure uga padah. Sulastini rada gumun, dene ana wong nich pada tripi kaja botjh kembar. Sulastini ora mangsuli, iung tansah mandeng menjang pernahe kekasihe bae Lang lagih antu.

— Ngentosi sinten djeng, mangga' kula derekakeh kula gadah kartjis kalih.

— Boten, boten. — ngono wangulané Sulastini karo ngadoh, nanging nonoman mau saja rabuög ngelutake bae. Sulastini dadi wedi, rek ne arep ngundang kekasihe nanging sing digoleki ora katon, awit sing lantri datur pantjen akeh banget.

— Mangga ta kula derekake, sampen isin2 kakuh kula. — ngono guneme nonoman mau karo njekel tangane Sulastini, Sanalika Sulastini bandjur ndjerit, saking kaget lan wedine.

Bareng2 karo pandjerite Sulastini, nonoman sing ngganggu gawe mau bandjur ndjuringkel amarga bandjur ana bogem mentah sumlonong nganém raine. Nonoman mau kaget, baeng nolch, weruh ana nonoman kang pada dedege karo deweke, deweke njipta jen olch mung suh sing tanding. Mripate malih dadi kabang angatrah untune kerot. Nonoman mau bandjur males ndjotos me njang raine nonoman sing ana ngarepe. Nanging nonoman mau wis bisa enda, dadi pangantene luyut, malih kena diantem kaping pindone, deweke ndjuringkel maneh.

Papan kono dadi rame dadakan, nanging ora ana sing wani misah, mula mung pada njawarg bne. Nonoman sing kurang adjar karo Sulastini tjangkeme metuge tihe kena djotosane Bedjo Santosa sing atos kaja watu, deweke ndjebabah karo pringisan.

— Ajo mas kondur bae, ora sida nonton — pangataze

Sulastini

— Bene disik dik, ben kapok botjah ugal-ugalan iki. Nging lagi bae mingkem Bedjo Santosa, bandjur mak dibubana nonoman papat teka mrono, ora nganggo ta dudu. Ieuus ngransang lan djotos wani karo Bedjo Santosa. Bedjo Santosa krasa lara bandjur miles. Nanging senajana deweke wong kuwat, dikeunpur papat tur pada nggak wa krakkening pisan wis mestii bae suwe2 bandjur kasoran. Bedjo intosa saiki genti djerbabah, tjangkeme adus getih. Sul djelek2 ndjaluk tulung. Pulisi bandjur teka, na-nge... ioman lima sing ngrojok wis pada lunga, sing kai... g. Bedjo Santosa. Nanging ora suwe nonoman papat bisa kajekel kabeh, mung sidji sing dadi kepala ne wiis kebatut mlaju, awit malika weruh. Bedjo Santosa gunungan adus getih ora oban dikira wis mati bandjur mlaju. Kangmangka sing ndjalari kaja ngono ja deweke dewe. Matem wong kuwi ukumane abot, mula deweke bandjur enggal2 nggeblas lunga. lan ora wani mulih menjang omahe dewe, terus ninggal kuta Sala. Embuh njang endi ora ana sing ngerti. Mung omahe bandjur dingertenii dening Pulisi, marga lapurane kantjane kang kajekel mau.

Bedjo Santosa bandjur didabjang2 digawa mulih menjang Hotel Dana. Meh sawengi natas Sulastini ara bisa turu, tansah nunggoni ana sandinge bae. Nanging bareng Bedjo Santosa bola-bali ora eling, bandjur digawa menjang Rumah Sakit.

Esuke bareng Sulastini niliki, Bedjo Santosa wis bisa lungguh, agawe senenge Sulastini. Mak gapjuk, Bedjo Santosa dirangkul.

— Maaf ja mas, pandjenengan nganti kaja ngene merga saka aku.

— Ah ora apa2 kok dik, barang lumrah. Mung lagi begdjaku.

— Lha kangmas kapan kondure saka kene.

— Ja manut dawuhe dokter ngono.

— Kira2 pirang dina engkas mas.

— Aku ja ora ngerti dik, wis ta adja samar, mula betijke sedanmu ting zalen bae ana kene suk jen aku mulih dadi gampang.

— Ngono ja betjik mas, mula dienggal bali.

Esuke Sulastini tenguk2 ana hotel idjen, nunggu tekane kekasihe, nanging sing ditunggu ora teka2, ali-ne wiwit anjel.

— Ah apa gerahe mas Djo dadi nemen teka durung kondur wajah mene.

Saben ana sedan teka diungak, nanging dudu motore. Sulastini bandjur kepeksa tilik menjang rumah sakit. Nanging sepira kagete, tekan kana kamare wis suwung, Bedjo Santosa lunga tanpa pamit, malah motore uga digawa pisan.

— Ah gek menjang endi maneh mas Djo iki, teka ana2 bae.

Tjepet2 Sulastini enggal2 mulih menjang hotele. Kageute saja tambah2, Kamare wis resik gusi, koper sandangan, lan duwit wis bablas kabeh. Djongos hotel menehi keterangan.

— Kala wau keng raka rawuh, mundut koper malah nitih scdan biru, rak inggih leres ta den adjeng.

Sulastini ora bisa apa2, mung mantuk2, bae. Gagasané dadi bingung dakakan.

— Ah gek kepije iki ta kersane mas Djo kuwi, ndak neka2 kaja ngene barang. Kok ngono ta kersane, apa mung butuh barang2ku bae.

Sulastini ungkep2 ana kamare karo nangis sedih.

Saben pendak esuk dalem Pradjadidajan katon rengeng, jaiku regenge wong sing lagi pada njambut gawe

Regeng kaja umume djuragan batik lija-lijane. Nanging jen srengenge wis angslup karegengan mau ilang babar pisan. Kaja2 karegengan mau sawidjining satru bebututan. Brajate mung papat. Jaiku Pak Bei sekalian, bandjur putrane kakung, nuli bature wadon.

Saiki Pak Bei Pradja wis sepuh banget dalasan rewange ja ngono. Bersane mono kepentin ngaso, awit rumangsa wis tuwa. Nanging ewuhdaja ing pambudi, perusahane mau arep dipasrahake marang sapa, awit putrane durung kena dipertjaja lan durung bisa. Mula kala2 panggalih sok bingung. Gek arep dadi apa ta putrane besuk, awit kelakuwane banget ndugale. Kang mangka putrane saiki wis ngantjik diwasa, wis dadi djedjaka, nanging sabarang tindak-tanduke isih mbotjahi, saben dina mung tansah ubjang-ubjung karo kantja-kantjane sing nakal, Saben dina kerep ana dalan gede karo mbebeda kenja2 sing liwat, mula sok nganti dadi prekara, djalaran sok bandjur kerengan, utawa krojokan. Istilah saiki diarani crossboy, grumbolane boijah tanggung sing ndugal lan ugal-ugalan.

Panggalih Pak Bei saja djudeg, sakabehing pituture ora nate digugu, malah wani mantjas wong tuwa. Wiwit tjilik wis digegulang ing kasusilan, suprandene malah ugal-ugalan sing peng. Sapa ta sing salah bab iki? Kang mangka ala2 den Bei mau sawidjining darah prijaji luhur, kadjen keringan.

Apa ing bab iki pantjen winihe kang ala. Ngono saben2 panggalih Pak Pradja. Duh Gusti kula njuwun pangapura. Gek dosane ki apa, dene anak sidji bae teka dadi mursal kaja ngono. Apa ndaru bijen kae ndaru ala.

Meh saben bengi Pak Bei lenggahan sekalian sing dirembug ja putrane sing nakal mau. Bubar kuwi bandjur maos buku tinggalane para leluhur sing betjik2, jen ora ngono bandjnr ngetung tuna lan batine saben dinane. Bubar kuwi bandjur mikir maneh menjang putrane. Miling2, bab adjar lan dasar, pada bobote. Dasar ora tjut

kup. adjar tok ja isih kurang. Pungkasane bandjur bali trenjuh panggalih.

Tudjune sing sok kerep njambangi rajine, jaiku Guritno. Jen putrane ora mulih, sing sok ngabari ja rajine mau, menjang endi lan perlune apa. Sabubare ana gendra rame kerengan ana ngarep gedung U.P. nganti esuke, bandjur disambung sorene maneh, putrane durung bali. Pak Bei kuwatir, gek menzko bandjur nemoni alangan apa2. Luwih2 Bu Pradja, terus muwun bae, njipta manawa putrane nemoni alangan. Sabene ora ketang samenit rong menit. mesti bali mangan utawa njuwun sangu. Nanging saiki ora katon babar pisan.

Dumadakan Pak Bei kaja mireng lawang kamare putrane dibukak. Pak Bei enggal njapa.

- Kok kaja Pudja kae sing teka bu.
- Kok ija mas, ajo da ditiliki, — wangsunane Bu Pradja.

Pak Bei grajah2 golek sandal, arep tindak nuweni. Nanging durung nganti menjat, Guritno wis mlebu.

- Sampun wangsun kangmas, - pitakone Guritno.
- Sapa kuwi sing bali. Pudja.
- Inggih.

— Durung ki. Iki mau aku kaja krungu lawang kamare diwengakake, dak arani deweke wis teka, arep dak tiliki, kowe teka mrene.

— Kala wau ingkang ngengakaken kula kok kangmas. Kula wastani sampun wangsun. Tibane kok gitar, madjalah, kemul, sepatu pada turut amben.

— Wong Pudja bae kok pangling kowe. Ja kaja ngono mau wateke.

— Jen ngono hara bandjur njang endi boljah kuwi. ngono panjelane Bu Pradja. Ulate katon sedih.

— Lha inggih bab Pudja punika, mila sowan kula mbekta kabar.

— Kabar apa di. Apa kabar ala. - pandangane Bu Pradja. Panggalih sedih, putrane banget ditiesnani., se-nadjana botjah ndugal, apa2 dituruti.

— Inggih mbakju. Nanging boten awon sanget.- mangsuli ngono karo njedaki Radio, digedekake sitik.

— Lha kok radio bae direwes, bok ditjilikake maneh, mbrebegi kuping.

— Berita daerah kok mbakju radi penting.

— Wis ora susah. Tjritakna bab Pudja bae keprije, ajo enggal.

— Ija ta Rit, selak mbakjumu kepengin krung-panjelane Pak Bei.

— Radio sida dilirihake maneh. Guritno bali lungguh.

Guritno bandjur njiptakake kedadejan ing ngarep gedoug U.P. wingi sore, ana botjah kerengan sidji dikrojok lima, sing papat ketangkep Pulisi, kabeh pranjata dadi regune Pudja.

— Hara ta, botjah kok senenge mung ke engan ngono bae, arep dadi aja botjah kuwi. Hem saiki gek menjang endi. Apa ja melu kaijekel?

— Bijen mula ta bune, bijen mula, botjah tansah dironggrong bae, ja kaja ngene iki kadadejane. Bok bijen dititipake bae rak beres.

— Dititipake ngendi pakne.

— Sosial ngono.

— Kok kaja ora bisa ngingoni, kok ngisin-isini temen, ngiemehake diri. KAREPKU ndugal ja ndugal na-ning-rak kaio rama lan ibune bae, adja mrana?

Inggih punika ingkang kula aturaken. Kalau wau da'u kula inggih nuweni lare ingkang dipun krojok Pudja. wonten grija sakit Djebres. Pijambakip n lare Semarang. Wah bregas lho kangmas, kados djambe sinigar kalijan keng putra, utawi pandjenengan pijambak. Punapa-puna panipun presis kalijan pandjenengan nalika taksih timur.

— Hus ora genah kewe Rit. Eleka, bregasa kac sing perlu aku kudu ndjaluk ngapura karo dweke.

— Wah inggih kangmas, njuwun duka. Kala wingi ingkang kula gagas teka namung Pudja kerawon.

— Lhi keprije.

— Kula dereng matur neda ngapunten. ladjeng ku-tjiwa. Kala endjang pijambakipun sampun boten won-tten, sampun kesah saking grija sakit.

= nDjur kok luru apa ora.

= Inggih, nanging boten pinanggih.

— Lha Pudja keprije?

— Inggih boten pinanggih.

Pak Bei sekalian bandjur kendel, kawistara banget sungkuwane. gumawang ing pasurjan kang alum. Guritno bisa ndjadagi sepira kang disandang dening keng ra-kane ing wektu iku.

— Hem, saja elok punika kangmas. Kala siang, rikala kula nglujur dateng kantja Pulisi dumugi ngrik kok manggili lare ingkang wau dalu partneripun dipun mengsa Pudja.

— Apa ta kuwi, aku teka durung mudeng menjang tjritamu kuwi.

— Ngaten kangmas. Ingkang kula aturaken partneripun lare ingkang dipun krojok keng putra punika sa-tungg ling kerja lapur.dateng Pulisi manawi motoripun itjal.

— He motor ilang. Mengko gek Pudja sing njolong. Pak Bei kaget.

Durung nganti rampung anggone ngendikan, ing djaba bandjur keprungu wong uluk salam. Guritno bandjur enggal marani ngatjarani tamune. Sakpandurat Guritno kaget, djalaran tamune mau Bedjo Santosa kang dek mau bengi isih ana rumah sakit Djebres. Nanging sadjake Bedjo Santosa pangling katara tanduke ajem bae. Guritno enggal2 ngatjarani.

— O . . . mangga lenggah rumijin. — Guritno bandjur mlebu ngaturi pirsa Pak Bei.

— Wonten tamu kangmas, mengsahipun Pudja. Nanging kangmas prajogi api? boten mangertos keawon, asal pijambakipun bote i ndongeng.

— Pak Bei bandjur gurawalan metu, nemoni tamune. Pak Bei kaget weruh tamune kuwi, pirsia pandulu kang alus mau panggalihe Pak Bei kraos eram, lan rumangsia seneng karo tamune, kaja ana daja panggendeng. Lan saka rumaose Pak Bei dewe, kaja lagi adepan karo awake dewe nalika isih juswa 25 tahunan. Nonoman kuwi kaja ajang - ajangane dewe. Dadi bener ature rajine, jen praupane kaja djumbe sinizar karo pandjenengane dewe. Mula nganti suwe Pak Bei durung bisa ngatjirani, awit panggalihe bandjur keraos - raos banget. Embuh apa ta sebabe.

Kaselak didisiki tamune matur.

— Nuwun bapak, sowan kuia mriki perlu bade njuwun sih pitulungan kalijin bapak. — ngono ature Bedjo Santosa

— Pak Bei kaget.

— O . . . njuwun pangapunten inggih nak. Kersanipun punapa kala wau.

— Bade njuwun pitulungan dateng bapak.

— Pitulungan punapa nak.

— Manawi kersa bapak kula aturi mundut mobil kula.

— Mobil?

— Inggih pak, bade kula sade, awit kula betah sangat.

— Mobil napa niku nak.

— Sedan.

— Wah iha kula boten gadah arta kok nak.

Guritno ngedesi kangmase kangmase tanggap inasmita. Awit karepe Guritno Bedjo Santosa mengko are ditjekel pisan, awit saiki ngerti sing ditawakake ma

mobil tjolongan, mobile kenja aju sing lapur Pulisi dek wingi sore.

— Ah kula boten pitados jen bapak boten kagungan arta. — ngono pitakone Bedjo Santosa kanti mesem.

Bu Bei Pradja mak tratab panggalihe bareng weruh eseme tamune mau, satjeretan presi; eseme pak Bei nali-ka isih timur, penggalihe kebak rasa kepranan banget. Ija esem sing kaja ngono mau sing ndjalarieweke bandjur kapiluju karo pak Bei. Saking ora kuwate Bu Pradja bandjur ndjerit sakatoze karo ngrungkebi pangkone Be- djo Santosa.

Pak Bei lan Guritno malah dadi gumun ora ilok2 Trengginas Pak Bei njapih, Bu Bei bandjur didjundjung dituntun lungguh korsi.

— Ana apa ta bune, teka bandjur kaja ngono. Tu- djune tamune ora duka.

Bedjo Santosa dewe gumune ora entek2,

— Njuwun ngapunten inggih nak, keng ibu punika radi gerah. — ngono pangandikane Pak Bei kanggo njapih lan nutupi. Bedjo Santosa bandjur bali katon lega.

— Kados pundi pak, atur kula kala wau.

— Saestu nak, kul a boten gadah arta.

— Ah boten pitados.

— Saestu kok nak, tijang bebakulan punika inggih ngaten, artanipun terus lumampah, boten naje andok utawi kendel. Beda kalijan arta wonten tjemengan.

— Nanging pak, bares mawon, niku mobil gelap.

— Mobil gelap? — Pak Bei ndjor dil kaget, Guritno semono uga.

— Dados jen ngaten ingkang mladjraken mobilipun diadjeng Sulastini saking Semarang punika pandjenengan pijambak inggih nak. — panjelane Guritno.

Bedjo Santosa mangsuli tatag.

— Inggih, kok ngertos pandjenengan?

— O... boten.

— Pantjen leres, mobil punika sanes gadahan kula, nanging gadahanipun lare estri ingkang remen dateng kula. Awit kula betah arta, ladjeng bade kula sade.

— Kok boten terang-terangan kemawon.

— Kula rak sampun matur terus terang, punika mobil gelap, lan bab punika rak urusan kula.

— Manawi ngaten kasaranipun pandjenengan punika satunggiling badjingan inggih. - ngono guname Guritno.

Krungu tembung sing kasar kaja ngono mau Bedjo Santosa kaja sinebit talingane, mak prempeng terus ngadeg. Mripate menteleng, tanganc ngepel Terus nggebrag medja scrū, nganti Pak Bei lan Bu Bei dadi ndjondil.

— Mangga manawi bade njepeng kula, mangga. Klakon risak sadaja grija ngriki.

Guritno madju rekane arep nandingi, senadjan kalah rosa tekad-tekanan arep ditandangi. Nanging Pak Bei bandjur nengah-nengahi madju.

— Sampun nak, simpun duka. Anak kersanipun pinten, kula tumbasipun.

Krungu pangandikane Pak Bei, Bedjo Santosa lilih nesune, bandjur mapan lungguh maneh.

— Kula namung betah arta seket ewu kemawan pak.

— Elo kok katah ngatcn. Manawi semanten kula boten gadah saestu.

— Manawi boten gadah, kula trimah ngrisak grija ngriki kemawon pak, ingkang kinten2 manawi dipun dandosi boten tjekap seket ewu rupijah. - Guneman kaja ngono karo njandak vaas kunaingan dibanting ing mes-teran swaraning kumrompjang, nganti Bu Bei ndjerit. Pak Bei duka jajah sinipi. Guritno ngajig maneh arep mentung Bedjo Santosa. Kasusnl Bu Bei nengah-nengahi, ngadeg ngungkurake Bedjo Santosa.

— Pak, wis ora perlu rame2 kana pundutna duwit bae, rak wis bar.

Kaja kena daja prebawa Pak Bei bandjur enggal2 mlebu, lan ora suwe bandjur metu manch karo ngasta duwit seket cwu. Duwit enggal ditampani dening Bedjo Santosa terus rikat-rikatan ninggalake omah kono kanti ajem bae.

— Njata gento temenan botjah kuwi. - ngono gre-nengane Pak Bei.

— Boten namung gento, nanging ugi badjungan te-nik. Tjoba dek mau ora dipisali mbakju, rak sida ana sirali petjah ana kene.

— Wis, wis ora perlu udur rame. - ngono pamisake Bu Pradja.

— Hem... aku teka dadi asih temen karo bo-tjah kuwi. Sababe apa? Seket cwu aku ora rugi, awit aku bandjur bisa weruh maneh escme Pak Bei kaja dek djaman narjanane.. ngono batine Bu Pradja terus mlebet dalem.

— o —

### III. GODANING ATI TRESNA.

TJENDELANE diwengakake. Angin esuk mlebu ka-mare. Resane seger, rumasuk ing balung sungsum. Laku-ning srengenge diwiramani nganggo kumlotaking pabrik tenun kang kapernah ana buri omahe. Rambute sing madul' disilakake. Mripate mandeng adoh menjang pernahing kuتا Semarang kang katon asri ana ngisore. Jen sinawang njata gawe sengseming ati.

Nanging kabeh sawangan kang asri mau ora klebu pikire. Segara kang katon biru banjune ora ndudut ati-ne. Atine isih ngrasakake sedih kelingan lelakone kang nembe dialami, iikala tepungan sepisan karo prija kang tansah dadi telenging atine, dadi pepudjaning dijwan-

Nalika semono wajahe sore, akeh Wong sing pada ngenggar2 ati lunga menjang pelabuhan, nonton banju

segara kang ngilak-ilak tanpa wates. Ana kono bisá non-ton kurebing langit sisih lor. Njata asri dinulu. Mang-kono uga mewahing langit sisih kulon, rikala srengenge arep mapan turu. Ombaking segara kang rijep2 kaja ke-deping waranggana banget mranani. Kabeh tjekekake sar-wa nggembirake, mula pantes akeh sing pada teka mrono.

Sulastini uga ora gelem keri, deweke nunggang sekuter menjang pelabuhan, melu nonton asri ing alam kono. Mula nganti sore ora ngerti, awit mripate tansah ora bosen2 njawang kaendahaning kang mranani ati. Adjaha ana bakul katjang ing sandinge kang njumed lampu, deweke durung ngerti jen wi's peteng. Mula enggal nunggang sekutere distater. Nainging matjet, bola bali ora gelem mlaku, lan lampune ja ora gelem murub. Nganti djudeg lan bingung atine. Mula putusaning atine sekutere arep dititipake ana warung tjudak kono, esuke arep diparani maneh. Awit wajahé wis bengi.

Nanging lagi bae nuntun sekutere, dumadakan ana sawidjining nonoman njedaki. Klajan andap asor noro-man mau pitakon.

— Punapa boten saged dipun gesangaken dik. Tjebi kula tingalanipun bokmanawi saged.

— O . . . . . inggih mangga, matur nuwun manawi kersa mitulungi.

Nonoman mau bandjur tumandang gawe, kabeh dide-leng kanti premati. Ora suwe sekuter bali bisa urip maneh. Sulastini bungah banget atine. Saking bungahe deweke nganti lali ora matur nuwun karo nonoman mau, nanging terus dilakokake banter, awit kuwatir jen dida-nru karo wong tuwane dene wi's surup nembe mulih.

Nanging bareng tekan omah deweke nembe eling' getune ora entek2,

— Ah aku iki wong apa, genah ditulungi kok meneng bae, ora matur nuwun dek mau malah terus mulih. Ja gene ta dek mau aku dadi lali? Ah kebangeten ba-

neteget aku iki. Lan dek mau ora takon djenenge sapu, lan omahe ana ngendi. Ah teka ja kebangeten banget aku iki. Pantes diarani wong kang ora ngerti menjang kabetéikan, - ngono panggresahé atine.

Dina2 sabandjure deweke lunga menjang pelabuhan maneh, bokmanawa bisa ketemu karo nonoman sing tetulung, nanging nonoman sing tetulung ora katon babar pisan.. Deweke rumangsú kedosan gede, jen ora ngatur-ake rasá panuwune. Nanging gawang2 isih tjeta menjang rupanc nonoman kang tetulung, gede duwur lan semba-dha Kaja ana. . . . daja gaib, rujané nonoman mau tan-sah gawang2 ana atine ora gelem ilang.

Dumadakan let sepuluh dina nalika Sulastini arep menjang Surabaja, bareng ana stasiun Tawang bandjur kaget, weruh nonoman kang tetulung mau ana kono, lan tibane deweke dadi , . . . . kuli setatsiun.

Sanalika praupanc dadi pujet sanalika, lambene gu-meter. kewuhan anggone arep guneman. Saja kaget maneh bareng kopere ditjandak terus digawakake lan dig-lekake enggon. Sulastini ora bisa apa2. Atine pakewuh banget Mangkono uga nonoman sing nggawakake uga rada ketjipuhian rasane. arep nglungani wi's kasep. Mau-ne dikira dudu kenja sing wi's nate ditulungi.

— Bade tindak pundi dik? — pitakone karo mesem saanane kang sapetlu kanggo nambal isine.

Nanging kang narmpa esem mau ora bisa mangsu i, daclane kaja kinebur rasane. Awit esera kwi kurang mungruh banget jen mung didarbeki dening bangsaning kuli, sepur. Sikile Sulastini dadi lumpuh tanpa baju.

— Dateng Surabaja. - wangslane lirih banget.

— Kersanipun.

— Sowan pak de.

Nganti ketemu kang kapindo Sulastini meksa durung bisa ngaturake suka narimane. Gek sepure selak arep

mangkat pisan. Bareng sepur wis mangkat, tangane nonoman mau awe2, kaja asung sasmita supaja adja nglalekake.

Ketemu kaping telune nembe bisa kenalan temenan. Lan Sulastini wis ora wigah-wigih takon maneh, awit bareng ketemu maneh, nonoman mau sandang panganggone sarwa betjik2 tur ngganteng. Dene ketemu kang kaping telune mau, rikala Sulastini ana Pasar Djohar, arep tuku buku watjan menjang Toko Buku „Dharma“ Dumadakan dompete krasa diseler ing tukang tjopet. Sulastini ndjcrit, tjopet mlaju babbas karo nggawa dompete. Nanging lagi bae mak tjep meneng anggone mbenengok, tjopet lan dompete wis bali. Tjopet mau raine adus gedih materg biru, diglandang dening sawidjining nonoman bagus. Nonoman mau ora lija Bedjo Santosa.

Ja wiwit iku bandjur pada kenalan: Lan Sulastini bandjur dieterake bali menjang Tjandi. Kenale saja rapet, awit Sulastini njatane bandjur gandrung2 kapirangu karo Bedjo Santosa.

— Ah mas Djo, mas Djo, bijen mula dadi wong sing aneh. Aneh ing kakabehane. Ana ing pelabuhan, ana ing Tawang dadi kuli, bandjur ana ing Pasar Djohar salin dadi ngganteng maneh. Apa bener pandjenengan iku dadi pandji klantung? Saben aku takon, meseti ora nate diwangsuli. - ngono grenergane, awake kang mendjalin, bandjur dibrugake menjang paturon. Dewekeungkep2 nangis.

— O... alah mas Djo. Teka tega temen pandjenengan karo aku. Apa bener jen pandjenengan mung butuh karo barang2-ku. Ora butuh karo sing duwe? Apa bener pandjenegan ora tresna karo aku. Banda iki apa ta tegese kanggone aku. Dudu apa2. Punduten kabeh mas, aku lega lila lahir batin. Aku ja punduten pisan sadjiwa ragaku. O.... begdja, ... O.... begdja temen uripku jen aku tansah bisa gegandengan kuntja karo pandjenengan ing selawase urip. Aku prasetya ing ngarsaning Pangeran. Ora arep omah2, jen ora karo pandje-

nengan. Aku trima dadi legan selawase urip.. kaja mangkono sambunge sambate karo adus luhing katresnan.

Dumadakan kaget kaja dientup ing kala djengking, Sulastini menjat terus anguk2 ing djendela, njawang dalan gede, awit keprungu swaraning mesin motore sing alus, awit deweke apal banget, Kagete saja kagila-gila banget tjampur bungah dadi sidji. bareng weruh sedan biru H 999999.

Sanalika mlaju metu ; kebingahane tekan rai, tjah-jane bali sumunar wening. Ora kober mbenekake sandangane sing ora karu-karuwan terus mlaju metu marani sedan biru mau. Nanging bandjur mak djegagik mandeg, awit dek mau pangirane sing njetiri nonoman sing dadi atine. tibane dudu, tamu sing nembe disumurupi. Atine rada ketjuwan maneh.

Nanging suwe2 bandjur eling, jen tamu mau kaja2 wis nate ketemu nalika ana Sala, ana kantor Pulisi. Tjeng-kelak Sulastini bali mlebu kamar maneh kantjing lawang, awit wedi karo wong tuwane dewe.

Sedjatiné wong tuwane wis suwe lungguhan ana ngarepan, panggaline lagi ketaman sedih ngrasakake putrane putri sing mung sidji kuwi mentas kapusan mobil. Mangka putrane ja mung sidji ndil kuwi, kang digadang2 ngganti njekel perusahan pabrike tenun mau, awit pijam-bake wis rumangsa tuwa, tenagane wis kurang, kudu ganti tenaga sing isih enom lan kuwat, suku' oleh tenaga sing tekad wadja kuwate. Malah wis tuku kebon lan palemahan amba ana ing Ungaran, njate kanggo kebon kopi lan kapas. Pabrike tenun m'akune wis betjik, kasile wis katon. Manut petungan, jen mung bab tenaga bae isih turah2, akeh sing pada nglamar.

Nanging sakabehing pandjangkane mau dadi ambjar, bareng putrane dadi kaja ngono, nggugu sakarepe dewe, seneng karo botjali lanang kang ora ngerti sangkan parane. nDadak wingi awau bali karo prembik2 nangis, ngandaka te jen montore ilang, digawa minggat botjah

lanang sing disenengi.

— O..... alah. Lha ilang bae kok motor, Adjaha anak wadon mung sidji rak wis diuman2 ditundung lunga.-ngono grenengane.

Saking ati bingung mula dilalah bareng ana tamu teka nggawa sedan biru mau panampane malah dadi salah wesel, mula ang gone mbagekake ja rada kasar lan sengol, awit dikira sing mbagekake mau sedulure Bedjo Santosa.

— Kok boten raji sampejan pijambak sing mbalek-ake, ndadak utusan barang . Tjobi wantun mriki pijambak. rak remuk dening tijang2 kula, - ngono pambagene menjang tamu mau kang ora lija Guritno.

— E.o, mangke rumijin kangmas, kula teka dereng mudeng sanget dateng pangandika pandjenengan punika Sinten ingkang dipun kersakaken punika?

— Ah nambuhi, sinten malih, ing zih raji sampejan pijambak ingkang nginggatake motor kula, Bedjo Santosa.

— Lho lho mangke rumijin kangmas. Punika rak salah wesel. Mangke mindak kirang sae. Njuwun duka inggih, kula bade matur ingkang radi pandjang.

— Inggih mangga sakersa.

— Sepindah kula bade matur. mBokmanawi leres manawi kula pandjenengan anggep kangmasipun Bedjo Santosa, putra mantu sandjenengan. Djer njatanipun kangmas kula pijambak inggih persis kados ingkang putra mantu.

Pak Tatahartaka ja kuwi wong tu vane Sulastini ndjumbul krungu guneme tamune mau.

— E mangke rumijin. Sinten ingkang ngendika jen lare wau mantu kula?

— Kula pijambak, awit tansah srimbitan kalijan keng putra.

— O sanes, sanes, punika sanes mantu kula, nanging kantjanipun anak kula,

— Jen ngaten tjalon mantu.

— Tjalon inggih boten. Kula bcten sudi duwe man-tu lare punika.

— Elo kck aneh iemen ta lelakon iki. Malah kula dipun dakwa kangmasipun, jen kula punika kangmasipun Bedjo Santosa, rak aneh. Kula sanes ahli warisipun, sa-nes kulawarganipun, Nami kula Gu'itno, padamelan kula pados kabar, jen sing sudi mastani dadi wartawan. Punika lo jen kirang pitados, kula atui maos kartu kula.

Pak Tatahartaka barerg ngerti kaja ngono bandjur ndjaluk ngapura. wusana bandjur pada gujon rame, kaja wis kenal suwe. Guritno bandjur njuitakake jen tekane diutus kangmase, ngeterake mobile sing ilang, kang dituku seket ewu.

Krungu tjrita kaja nçono Pak Tatahartaka bandjur metu petunge, awit kuwatir jen dikon ngidjoli utawa nebus mobile mau.

— Jen ngaten keng raka punika ategcs ukang tadaah barang gelap. Manawi bab punika kula pasrahaken dateng Pulisi mestii bade angsal pidana.

— Punika leres pangandikanipun kangmas. Leres sanget, manawi dipun lapuraken Pulisi kangmas kula sa-ged dipun damel prekawis. Nanging kawuningana, kan-gmas anggenipun masrahaken mobil mriki, boten bade neda lirtu arta. Nanging dipun aturaken lugu.

Tekan semono bandjur kandeg metune Sulastini. Praenane karg bening sanadjan tilasing tangise isih gu-mawang. Malah sajé nambahi ajune lan manise. Djarike latar putih, kebjake sutra idjo pupus. Rambute dikla-bang dadi loro. Tekane saperlu nggawa undjukan, ngi-ras kepengin krungu tjritané kekasihe.

— Kowe wis tepung ta Tin karo tamu iki?

— Sampun kala wingi wonjen Sala. Nalika kula pipur dateng Pulisi.

— Ja wis kana ngrewangi ibumu ana buri.

Sulastini mantuk karo tamune bandjur ngingker menjang kamar lija karo ngrungokake tjritane tamune, kaja deck mau. Ing batin ngalembana karo tamune miu, nelakake jeñ wong luhur bebudene, lan utile bapake Djroning ati apradjandji, deweke kudu ngidjoli, ora ketang adol apa mengkone, awit mesakake. duwit semono akehe, gawe rugiring lijan.

— Anu kangmas sowan kula mriki kaping kalihipun bade matur bab sanes. Inggih punika bab Bedjo Santoso ingkang ngendikanipun sanes putra mantunipun kangmas grijanipun wonten pundi.

— O bab lare edan wau ta. Kula boten ngertos di, lan kula inggih boten urusan, awit kula boten remen dateng lare punika. lare urakan.

— Elho lha kok aneh temen. Kok kados ngaten ta.

— Pantjen inggih makaten di, Wau sampun kula aturaken, pijambakipun lare kumprung. Manawi adik ndangu lare punika, kula boten mangertos, Bab punika kula aturi pitake i dateng anak kula pun Sulastini. Nanging poma, adik sampun ngantos manggihaken anak kula ka, lijan lare kumprung wau. Awitjen ngantos nggatukaken, adik kula tјap tumut dados grombolanipun.

— Inggih prajogi.

— Apa sing djeneng Bedjo Santosa mau wong sing embahning cek, dene nganti ditjap wong kumprung kaja ngono. — ngono pitakone atine Guritno menjang awake dewe.

— Tin, Tin, reneja. Gilo tamune butuh ketemu kówe sedela. — ngono pambengoke Pak Tatahartaka.

— Dalem pak. — keprungu wangulan saka djero rada adoh.

Ora suwe Sulastini metu, bandjur nemoni tamune.

— Manggo dik. lenggah ngriki, kula bade njuwun pirsa bab dik Bedjo Santosa. mcstnipun adik rak langkung gamblang.

Sulastini ora mangsuli, awit rada pakewuh karo bapake, kapindone rada isin karo tamune kaping, telunge djer tumrape deweke kabeh mau mung bakal natoni menjang atine dewe. Mula Sulastini bandjur pamit mlebu. Ora suwe bali maneh karo nggawa buku harian, kang isijate'an rupa2, bab Bedjo Santosa.

— Prajogi pandjenengan mirsani buku harian punika kemawon, kula boten saged ngaturaken ingkang langkung terang malih. — ngono wangulan Sulastini karo ngulungake buku harian mau

Guritno nampani. Bandjur wiwit diolak-alik isine diwatja karo mresem. Salah sidjining tjetetan kang gawe nariking atine kang unine kaja ngene :

Aku tansah ngudi, sapa baja sedjatine mas Bedja Santosa mau. Awit deweke dak anggep nonoman sing gaib. Saben2 aku takon asal-usule mesti ora waleh.

— Djenengku ja Bedja Santosa dik Tin. Titelku pandji klantung.

— Umahku djare ja ana Klaten kana, sangisorng gunung Merapi. Panguripanku ja kaja ngene iki.

— Ah dik Tin jen ndangu bok adja kúwi, atiku lara. Atiku welas dadakan krungu wangulan mas Bedja mau. O..... netrane, netrane kang bening tansah ndudut atikn. Aku nandang lara wujung karo deweke. Tresnaku gede ngrembung. Pantese djenenge dudu Bedjo Santosa, nanging R.M. Bedjo Santosa.

Wiwit dina iku aku ketaman lara gandrung asmara karo deweke, tresna kang sutji, lair-batin.

Kaja ngono unining salah sidjining buku harian mau.

— Punapa dik Tin kagungan sovenir saking nak Bedjo Santoso? — pitakone Guritno sawise matja buku harian mau.

Sulastini ora bisa mangsuli meneng tumungkul,

— Kula aturi ngeneget-enget dik. mbok menawi kula saged mbijantu manawi kula sampun sumerep sovenir

wauw awit lare ngaten punika soveniripun sok aneh2 sambunge maneh.

— mBoten wonten kok pak.

Guritno kaja katon gela. Bandjur ngolak alik buku harian maneh. Matja tulisan kaja ngisor iki.

Sawidjining esuk kang asri, aku lan mas Bedjo lagi ana Kopeng. Mas Bedjo pamit karo aku, arep ninggalake kuta Semarang. Atiku kaget ngendelong rumangsa katjuwan. Bener ma; Bedjo dudu prijaji lan dudu pegawe, ja gene tresnaku mbalung sungsum karo deweke? Atiku na ngis rikala deweke arep ninggalake Semarang. Apa mas Bedjo ora nimbangi sih katresnan?

— Sedjatine aku ora tcga ninggal adik Tin Nanging . . . . ngoro wangulané mas Bedjo. Atiku saja nangis.

Tanganku bandjur ditjekeli kentjeng, Deweke gogoh2 sak bandjur ndjupuk gelang. Terus dienggokake ana tanganku Gelang enggal2 dak tjopot, dak iling-ilangi, mung ana tjirine P. D.

— P. D. iku apa ta mas.

— Embuh, aku dewe ora ngerti.

— Emoh jen ngoro aku. Mengko gek barang peteng.

— Dudu dik. Aku wani sumpah, senadjan uripku tanpo rewang, aku tetep arep ngabdi menjang kabetjikan. Lan gelang iki saka wong tuwaku dewe.

— Lha tegese apa P.D. kuwi. Asmane bapak sapa?

— Aku ora ngerti.

Tekan kono patmatjanc Guritno leren. Bandjur pitakan karo Sulastini.

— Lha gelang punika punapa taksih dik.

— O . . . . taksih, nanging boten nate kula angge. Kula simpen.

— Tjobi kula betah ningali. mbokmenawi kula-lajeng angsal margi.

Sulastini bali mlebu kamar maneh. Ora suwe bali metu karo ngulungake gelang mas utir-untran. Gelang ditampani. Guritno ora pangling karo tjiri mau.

P.D. tegese Pradjadigojo.

— Lha inggih barang punika ingkang kula padosi. guneme karo bungah,

— Kok ladjeng ngertos, Ladjeng ingkang kagungan sinten?— panjelane Pak Tatahartaka.

— Ingkang gadah kangmas kula pijambak. Asmanipun Pradjadigojo. Dados P.D. punika tjekakanipun asmanipun kangmas. Lan gelang punika nalika mbakju Pradja ngandeg sepuh bade nglairaken djabang baji, taksih dipun angge. Itjalipun sareng2 kalijan baji ingkang lahir

— Kula teka boten mangertos dateng kersanipun adik.

Guritno bandjur kapeksa ndjlentrehake dongenge kawitan tekan pungkasan, wiwit baji arep lahir nganti ilanging djabang baji. Pak Tatahartaka lan Sulastini kaget semu ndombong krungu tjrita mau.

— Punapa kepareng gelang punika kula suwun ngampil rumijin.

— Inggih mangga.

— Njuwun pirsa alamatipun Bedjo Santosa pundi.

— Jen miturut tjariosipun wonten Kampung Kembang Paes, tumut B, Setra ngaten. Kula pijambak dereng nate mrika.

— O . . . . inggih sampun tjekap, matur nuwun,— Guritno karo nulisi ana notese.

Sulastini saja mantep atine, jen pandakwane ana benere, jen kekasihe kuwi dudu wong sembarangan, nanging isih darah temenan. Mula atine saja seneng. Tekade saja mantep, ora arep omah2 jen ora karo Bedjo Santosa. Senadjana wong tuwane ora seneng, nanging arep diterak bae. Mangkonon dajane gedening atine tresna.

Guritno bandjur pamit, sengadi arep nerusake golek sisik melik, ngiras adjar kepengin dadi detektif jen bisa. Mula saka Ijandi bandjur menjang Kampung Kembang Paes. Bareng takon<sup>2</sup> bandjur ditudubi omahe B. Setra. Nanging kujiwa, tekan kono oleh kabar saka tanggane jen B. Setra wis pindah. Lagi wae. Tanggane ngandakake, tibane B. Setra kuwi ja duweni katresnan karo Bedjo, senadjana umure wis tuwa, nanging isih ngemut ing rasa katresnan. Sarehning ora keturutan, sebab Bedjo ora nimbangi. Bedjo nuli ditundung, lan dikon mbajar pangane laju sewane. Bedjo lunga. Let rong dina bali nggawa duwit, bandjur diwenehake B. Setra.

— Wah mruijut. — ngono grcnengane Guritno karo, lunga.

Sadroning mulih saka Semarang Guritno tansah nggagas menjang Bedjo Santosa. Saupama iku bener putrane kangmase sing wis ilang, kaja ngapa bakal rena ne panggalihe kangmase sekalian mau. Senadjana dek semono Bedjo Santosa tindake kaja brandal, nanging lagi kapetengan duwit, didjaluki karo B. Setra, dadi deweke bandjur tumindak sing kaja ngono. Guritno kepe nging banget supa a panggalihe kangmase mau dadi reja lan abjoring brajate. Lha bandjur Pudja kuwi sapa, jen Bedjo Santosa putrane kangmase. Apa Pudja dudu putrane kangmase sing bener? Wiwit Pudja ana, dagangane kangmase teka bandjur saja mundur, Pegawejane Pudja mung nglujur ubjang-ubjung karo botjah sing ora genah. Klakuwane ala, ora kaja wong tuwane sedje banget, kaja bumilawan langit. Saben<sup>2</sup> bali mung njuwun sangu. bandjur lunga maneh, duwite mung kanggo ngudja kassenengane bae. Gek Pudja ora mantra<sup>2</sup> babar pisan karo pasurjane kangmase la i ibune. Malah sing ngepleki ti bane Bedjo Santosa.

Gagasane Guritno saja nglangut. Tekan dalemé kangmase katon sepi tintrim bae. Guritno bandjur tjrita akeh karo kangmase sekalian, agawe anglesing panggalihe wong loro, luwih<sup>2</sup> Bu Bei dewe. Wiwit iku Guritno man-



Gelang kuwi saka wong tuwaku dik Tin.  
Dudu anggonku njebrot.

tep atine nedya golek sisik melik terus, ora leren, jen durung bisa mbeberake wewadi kang lagi dislidiki mau.

#### IV. SUNAR PEPADANG SUMILAK.

DJENENGE SING temenan Upasanta. Omahe ing perenging Gunung Merapi kang sisih kidul, bawah Kabupaten Klaten. Tangga tanggane jen undang2 mung Pak Santa. Wonge gede duwur medeni, orewoek, brenzose sakepel sisih. Awake kebak wulu kalong, diwut2 kaja ketek bangkokan.

Pak Santa tansah diwedéni dening wong akeh. Awit wis tau tate njekel tjeleng urip-uripan idjen Awake sing geje dnwur njata kukuh santosa, paribasan kaja otot kawat balung wesi.

Pak Santa kapijandelane mantep. Urip ana ngalam donja iki djarene mung kaja wong mlaku, jen wis tekan enggone bakal mati. Mula sadurunge mati kudu mangan wareg, njandang sing apik, omah kang kepenak. Mula jen mangane kurang, Pak Santa lagi tumandang gawe. Deweke kckiter mrana mrene, sedela bae wis oleh redjeki, tur kena kanggo sesasi kliwat. Djarene pagawejane kepenak, ora banda, mung pawitan kendel. Oleh-olehan akeh, katimbang sing njambut gawe sesasi ana kantor ora tjukup kanggo mangan sesasi. Kepenak deweke. Nanging jen apes, awake bisa rempu-ezem, terkadang mlebu hotel prodeo, Nanging barang wis dikarepake, mula ora getun. Bab hotel prodeo kanggone Pak Santa dudu aja2, nanging djarene malah wektu sing kanggo istirahat, mangan wis ana sing njawisi, ora perlu golek. Maling, ngetju, ngampak, ja kuwi pegawejane Pak Santa.

Saben esuk jen srengenge durung ngoroti singgetane Pak Santa durung tangi, isih 'enak2 nglempus anggone

turu. Ora kaja tangga-tanggane wis mruput menjang sawah tegalane matiul, ana sing dodol djanganan menjang pasar. Pak Santa babar pisan ora mikir sing kaja ngono.

Malah jen weru<sup>l</sup> tanggane njunggi kaju menjang paear, batine Pak Santa malah ngenjek, wis abote ngudu bilah mung paju rong puluh rupiah. Dadi ora tjukup, kanggo mangan sedina. beda karo deweke, lunga sawengi bae oleh-olchane kena dipangan setengah sasi, terkadang bisa nganti sesasi. Tur wetenge nganti mlenta, mlentu.

Nanging kahanan mau owah, bareng ditinggal mati anake lanang. Kahanane malih grembjang. Pakarjane sebel, sering ora oleh-olehan, tur kerep konangan. Malah sering saba hotel prodeo. Pak Santa djudeg.

Pak Santa bandjur nepi oleh wangsit. Bisanc mulja maneh jen duwe anak sing lahire dina malem Slasa Kliwon. Pak Santa bandjur gumregah.

Bandjur klakon temenan. Pak Santa bisa njolong baji sing lahire dina malem Slasa Kliwon, Sanadjan anggone ndjupuk sarana peksan. Lan patrap kang medeni. Baji mau bandjur didjenengi Bedjo Santosa. Bedjo wis ngarani kabegdjan. Santosa tegese kuwat.

Ja wiwit iku Pak Santa klakon bisa bali montjer maneh uripe, malah kepara ngungkuli sing disik2. Omahe saiki luwih gede. Weduse dadi mundak akeh.

Mung sajange bareng anake mau wis gede. kerenge bandjur metu, sok gelem maratangan, terkadang nggebugi, kaja nggebugi kebo bae Suwe2 anake bandjur npi nggat. Pak Santa bali krasa ora kepenak maneh. Di antarakake sesasi, rong sasi, telung sasi, anake ora bali. Bandjur digoleki nganti tekan ngendi2, nanging anake ora ketemu. Pak Santa wiwit krassa sedih maneh. Terange sing nggawa bedja mau ja anake Bedjo Santosa mau.

Dianti-anti maneh, meksa ora timbul2 anake. Pak Santa ngebabah djudeg atine. Karepe jen anake wis mati,

kepengin weruh kubu e. Wusana tekading atine bandjur tukul. Anake arep digoleki, durung gelem bali jen anake durung ketemu. Mati urip jen karo anake.

Pak Santa bandjur lunga. Saiki krasa tresna lan kangen banget karo anake. Pak Santa keduwung, dene bijen sering milara anake. Ah bijen teka dadak tak gebugi barang, dadine minggat. Sing kebanehan rak aku. Pak Santa nutuh menjang awake dewe. Mula jen ketemu, Pak Santa arep kaulan, anake arep diangruk-angkruk-ake, arep dimuktekake arep disandangi anjar, lan diwe-nehi duwit akeh.

Lakune ngetan, tekan Klaten bandjur bali ngulon menjang Ngajodja. Kabeh diubres, meksa ora ketemu. Ana Ngajodja nganti patang bengi, metsa ora ketemu. Pak Santa takon<sup>2</sup>, nanging ora ana sing ngerti karo anake. Ana sing djenenge pada, nanging botjahe sedje. Pak Santa saja djudeg banget.

Saka Ngajodja bardjur ngalor menjang Magelang, nglawiati Muntilan uga ora oleh kabar lan ora ketemu. Pak Santa bandjur terus ngalor, nglawiati Ambarawa, Bawen terus njang Semarang. Bareng tekan Semarang lagi oleh kabar, kuwi bae bareng wis ana limang dina. Pak Santa wiwit nitjal bungah atine, senadjan durung ketemu. Anake mau djarene njambut gawe ana stasiun Tawang lan stanplaat taksi Malah ana sing menehi kabar, anake disenengi kenja anake wong sugih. Kosok baline ja ana sing natjad, malah ngrasani ala karo anake. Pak Santa ora nesu trima nglungani atine nelangsa banget. Jagene bijen teka dadl durdjana. Anehe nnlangsane kok lagi saiki. bareng wis tuwa. Apa anakee uga dadi maling kaja deweke.

Sadjroning mlaku Pak Santa nggraита manawa ora bisa ketemu karo anake. Nanging atine mantep, jen anake ana Semarang kono. Petungane anake mesti isih nduwensi rasa kangen menjang prawan aju, prawan sing disenengi.

Mulane operasine Pak Santa bandjur ngalih papan. Bengi2 rikala deweke djadjan ana sawidjining warung. Pak Santa weruh ana nonoman lagi lungguh ana petengan, lagi glenikan karo sawidjining kembang tjoklekan. Rikala Pak Santa mlebu warung mau, mriplate sampuh karo nonoman mau. Ing batin Pak Santa nggragap. gek apa ija iki anaku. Potonganing awake teka pada temen karo anakku, panglinga ja memper amarga wis lawas. gek wajahe bengi pisan.

Saking kepengine weruh rupane nonoman mau, Pak Santa njedaki karo njawang. Sing dilirik rumangsa. bandjur nesn.

— Sampejan niku wong tuwek kok ngingat-ingetake mawon adjeng napa?

Pak Santa gragapan, nembe ngerti jen kojah nonoman mau dudu anake, awit omongane sedje. Kanggo ngresiki awake Pak Santa bandjur mangsuli.

— O . . . inggih ngapunten mawon nggih gus, anggen kula intjang · intjeng niku, kula perlu nggoleki ana kula.

— Sinten asmane pak.

— Jen nami ngaten saged malih<sup>2</sup>, nanging rumijin nami Be ijo.

— Njambut damele enten pundi.

— Kula boten ngertos· wong bijen lungane minggat.

— Minggat, sababe napa pak.

— Kula pala. ladjene minggat.

— Ndjing rak mulih dewe, wong tjah empun gede.

— Inggih jen mulih, jen mbatjut minggat pripun wong saniki kula kangen banget kepengin ketemu. Senadjan ala, wong anak kula asepe apik.

Kembang tjoklekan mau bareng krungu guneme Pak Santa, bandjur melu samung, lungguhe ganti ndjedjeri.

Pak Santa, Nonoman mau dadi mrengut, arep di mungsuh, ora wani.

— Kana wis tuwek da tuwek - nonoman mau terus lunga kanti mangkel. Nanging ora direwes dening kembang tjoklekan mau.

— Djenenge sinten pak. Bedjo ngaten napa? - pita-kone kembang tjoklekan mau karo ndepepel Pak Santa.

— Ija, apa love agerti. Lha iki mau sapa nonoman sing lunga kuwi.

— Ah niku tjah Sala, ngakune Pudja djenenge. Kula inggih tas diiloni tjah sing djenenge Bedjo, lare mbambung. Ndjur kula tundung minggat. Botjahe oñten geteke sanding kuping kiwa.

— O alah ja kuwi anakku. Getek kuwi bijen tak sabet karo pring, kena nggon kuping. Saiki ana ngendi,

— Kula boten weruh. Tjah ora ngerti diingoni, bareng ana prawan aju kepentjut ndjur mbagu-i, gawene ngglujur. Lha sing sudi sapa. Ora tau menchi duwit pisan.

Pak Santa tumungkul. Apa ja ngono kuwi watuke? Mangka sabene direwangi njolong2, mung bu.uh kanggo ndjadjakake kantja2. Nanging . . . ah kuta beda karo desa. Bijen beda karo saiki.

— Hem . . . gek njang endi saiki.

— Saiki dadi buron Pulisi. Sabab entas nginggatake motore tjah wadon mau ana Sala. Motore didel seket ewu. Bareng dibalekake karo sing tuku dek mau esuk marang sing duwe, motor ditjolong maneh. Ndakar karo ndjugil kamare sir-sirane, nggondol barang.

Pak Santa kaget.

— Hem . . . botjah kok ndjur tiru2 bapake. kaja ngono, - batine Pak Santa.

— Ah kuwi tenan apa pije.

— Kok samang boten ngandel. Malah mangke jeu

sampejan niku pantjen bapake tenan, mesti ditjekel Pusi Mokal jen sampejaa boten ngerti, mesti sekongkel kilih sanipejan.

— He . . . aku ora ngerti temenan, wong ketemu bae durung, adja dakwa sing ora2. Sampejan sinten djenenge.

— Kula B. Setra. Jen sampejan bofen pertjaja, nggih mrika, teng daleme Pak Hartahartaka, sing kagungan pabrik tenun Tjandi, rak langkung genah.

Krungu wangulan ngono Pak Santa terus lunga ing batin dadi sedih dene anake bandjur kaja ngono tumindake. Satemene mono sakabehing tindak-tanduke wong tuwa tansah ditut dening anak. Mung Pak Santa durung ngandel.

Esuke lajarg kabar pada ngemot kabar manawa Pak Hartahartaka kelangan mowr mineh,, malah sing diarani Bedjo Santosa maneh, awit sing ndjupuk gek disik ja deweke. Mula Bedjo Santosa tansah dadi burone sing wajib, durung bisa ketjekel. Malah kabar mau ora mung kuwi bae, uga njebutake, jen akeh kaum winita sing dadi sasarane, sekutere lan sepeda motor pada ambles, diinggatake. Pasar Dohar dewe ora aman, akeh wong kelangan kalung disebrot, djam tangan uga disebrot wani dening tjopet2 sing kendel lan djulig. Manut goteking akeh, para tjopet2 mau nduwensi kumpulan kang kuwat saka pemuda tanggung lan mbambungan.

Malah saiki sing kanggo sasaraan terus Pabrik Te-nun Hartahartaka sering disatroni saben bengi. Malah sebagijan nandang kobong, tudjune enggal oleh pitulungan. Pak Hartahartaka muring2, kabeh mau sing disalahake anake wadon, awit sing didakwa tumindak kaja ngono ora ana lija Bedjo Santosa. Sulastini malah didakwa sekongkel karo Bedjo Santosa. Potrete Bedjo Santosa mula bandjur ngrenggani lajang2 kabar.

Ibune Sulastini kang dasare wong meneng lan uga gnahalan karo kakunge trimma meneng, mundak salah  
lilah.

wesel. Jen panggalihe Bu Hartahartaka malah ora ngandel babar pisan jen sing tumindak kaja ngono mau Be djo Santosa, awit wis meruhi dewe aten-atene. Ja bener nalika ana Sala nginggatake motor, nanging mestekake jen ora gelem tumindak ngrusak lan njationi omahe. Pangira kaja ngono mau mung ana angen2 bae, ora wani ngandarake karo kakunge, mundak salah wesel, dadi salin salaga.

Karo maneh Bu Hartahartaka ora nate didjak rembugan kakunge awit deweke mung dipasrahi bab mburi. Kabeh bab ngarep ditjekel lan ditindakake dening Pak Hartahartaka dewe.

Mula nalika Pak Hartahartaka ngadjak rembangan bab karusakane parike karo deweke, didjaluki tetim-bangan keprije amrih bisane slamet, rada gumun aline-

— Saiki sarehning kene tansah disatroni terus, kudu ana wong sing kuwat bune. Tegese wong enom sing ke-na dak perijaja. Aku saiki wis ngrumangsani jen wis tu-wa. Jen kaja ngene terus, klakon edan tenan aku. Ja ngagagas paurik ja nggagas karo anakmu wadon kuwi. — ngono guneme Pak Hartahartaka.

Sing putri mung mesem batine. Mula bandjur mang-suli alus.

— Makaten inggih prajogi. Neneman saniki pantjen katah ingkang pinter2 lan kawruhipun inggil. Nanging sami boten gadah kalenggahan2, amargi sikapipun ing-kang sepuh sami nampik kanti alasan ingkang maton. Mangka njatanipun manawi dipun pasrahi, saged tumindak kanti sae.

— We lha tibane kowe iki ja pinter ta bune. Nanging wruhanamu, wong enom kuwi atine kebak rasa panas, sering grusa-grusu, kabeh ora lija marga saka ku-rang pengalamane, ngendelake mung pintere bae. Kang mangka kudu dikanteni ati sing ulet, tekad wadja.

— Punika leres, nanging bendjang punapa timbulung pengalamam wau manawi boten saking sapuni ka dipun

paringi kalonggaran2. Sadaja tindak sae boten saged kaga-juh manawi dereng nate nglampahi kalepatan2 saking pengalaman rumijin.

— Ija, ija ngono bune. Aku saiki wis ngandel: Ka-pinteran iku jen dak gagas2 teka ja klebu pengalaman uga.

— Mila inggih makaten.

— Nanging bune, sing dak karepake wong sing ku-wat kuwi apa kowe wis njandak menjang karepku iki.

Bu Taka bungah, awit saka pangirane wong kuwat mau sing dipilih Bedjo Santosa. Nanging deweke emoh ndisiki karsane kakunge, mula wangslane mung kanti gedeg alus.

— Ngene bune. Dek aku njang Surabaja kae nemoni mbakju.

— Ladjeng?

— Sawise rembugan sawatara, sing dirembug anak-mu Djadi.

Bu Taka ing batin ndjola. Kok dudu Bedjo Santosa kang di tjalonake. Jen Djadi mono rak keponakane dewe. ja gene deweke sing dipilih?

— Ladjeng punapa nak Djadi inggih purun. Upami puruna lha genduk Tin punapa inggih purun nglampahi.

— Bab kuwi ora perduhi, deweke kudu manut karo wong tuwa. Ora gelem ki apa deweke arep dadi wong kumprung. Djoba pikiren, omahku kene dadi rusak, par-brikku ja ngono nganti kobong. Wis ta tjekake Tin un-dangen mrene tarinen.

Nalika Sulastini metu, ing batin gumun kok kadi-ngaren temen bapake lan ibune pada kumpul lan ru-kun ngono, mangka sabene ora nate. Gek arep ndangu apa, Mestine wis ana owah-owahan panggaline bapake. Ngono batine Sulastini karo ~~karo~~ mapan lungguh ora daeh, adah.

— Ngene ja nduk, Saiki kudu pada2, karepmuker-

turutan, kersane wong tuwa uga keturutan. - ngono pangandikane Bu Taka miwiti guneme. Dene Pak Taka api<sup>2</sup> maos koran, nanging sedja ine ngrungokake.

— Nganti tumekaning sail i nak Bedjo Santosa wis ore katon inrene maneh. Malah kena diupamake ilang tanpa lari. Malah manut kabar<sup>2</sup> sing kamot ing koran, sing gawe rusak kene ja deweke dewe. Dadi wis ora ana utute jen deweke wani miene maneh. Mangka bapak lan ibumu wis pada tuwa, usahane bapak kera diarani lagi bae mlaku, lagi hebadra. Iki kabeli mbuthuhake tenaga kang ulet kang kuwat, kanggo ndandani karusakaning pabrik kene. Mangka kabeh iki kanggo sapa tajen ora kanggo kowe dewe, awit anakku ja mung kowe. - tekan semono ibune kendel.

Sulastini mendjep krungu guneme ibunc kaja ngono. Ing batin malah muni.

— Hem kanggo apa aku banda, butuhku mung hisaha aku ana sisihane mas Bedjo salawase urip. Ibu rak wis nate dadi wong enom, mestine ngertos, Iha kok ngono tibake.

— Kersane bapakmu, kowe arep dijomah-omahake karo masmu Djadi.

Atine Sulastini ndjola.

— Mas Djadi? Mas Djadi rak putrane bude pijambak ta bu.

— Mula kuwi. Iki kanggo ngraketake seduluran piisan. Karo maneh nak Djadi kena dipertjaja. Lan aku dewe perijsa jen masmu Djadi bakal tresna karo kowe.

— Apa ija mas Djadi tresna karo aku. Wong jen aku mrana ja lumrah bae, tegese ora ngatonake jen deweke tresna asih kuwi, nanging mung tresna sedulur ngono.

— Jen masmu kuwi mung monat-manut bae nduk, ora kaja kowe.

— Jen aku aneh ja bu? — wangulané karo mendjep lan nglirik bapake.

— Anu bu bu, aku arep matur, ning adja duka.

— Ija arep matur apa nduk?  
Sedjatine aku ja kepengin banget nuruti kersane ba pak ibu.

Krungu wangulané Sulastini kang kaja ngono mau Pak Taka, bungah panggalihe. Mula bandjur noléh karo sambuuw

— Dadi kowe gelem manut karo wong tuwa nduk.

— Purun pak, nanging punapa kinten<sup>2</sup> mas Bedjo Santosa boten saged nuruti kersanipun bapak.

— Elo kowe iki bola-bali teka Bedjo tjah menjunjang bac sing kok pikir. Tjoba digagas. Bedjo botjah apa, Dudu sanak, dudu kadang. Turune sapa. Gek sekolahane apa, Pagawejane mal . . . .

— Ah inggih sampun ngaten pak. Bapak rak dereng pirsa panggalihe mas Bedjo ingkang murni.

— Ija wae ngalem, wong kowe scneng. - ngono wangulané terus kendel.

— Bok adja kaja ngono ta nduk, bok kowe gelema nglakoni. - panjelane ibune bareng pirsa kakunge rada duka, perlu kanggo njapih.

— Jane mono aku ja gelem nuruti kersamu bu. Nanging jen aku wis ngerti alang-udjure kubure mas Bedjo.

— Bola bali tcka Bedjo, Bedjo ngono bae ta. Apa kurang wong bagus sing ngungkuli Bedjo. Apa anggepmu Bedjo kuwi dewa tumurun saka kajangan, genah tetela badjungan tengik ngono kok di tresnani. Ajake kowe iki wis edan mendem gadung. - sambunge bapake kaja bledeg muni ketiga. Nganti Sulastini lan ibune dadi kaget.

— Wis saiki ora susah toran-taren, Butuhe kudu nglakoni wit tjukup, jen ora gelem ja ditundung minggat pisan, ora ngatoni mata. Ilang-ilangan endog sidji.

Sulastini giis atine krungu pangandikane bapake karo duka mau, wusana bandjur nangis mingseg<sup>2</sup>.

— Ora susah adapt tangis. Kudu manut karo wong tuwa, jen ora gelem kena lunga saka kene. - ngendikane kanti sereng.

— Bapak, kula sampun prasetya kalijan mas Bedjo, bade gesang sesarenjan.

— Tin: Aku iki sapa he. Kowe arep nggugu karepmu dewe. Wis kana minggata. · ngendika ngono karo nggebrag medja sakajange. Bubar kuwi terus mlebu dalam. nutup lawang mak djebret banter.

Apa ta gunane urip iki? Apa ta kamelikanc maneh jen wis kasinungan katentremaning ati? Kanggone Bedjo Santosa uripe kang saiki rumangsa luwih tentrem katimbang sabene. Djalaran ora digoda dening Bok Setra lan Sulastini, Euunganc wis absah, sikubehane kudu ditinggal lunga sing adoh.

Manut pancmune, katresnan rong warna kang metu saka rong paraga miu sing sidji ora dadi atire, marga sepisan wonge wis tuwa, ora sumbut karo awake dewe sing isih enom. Bok Setra wong tuwek kang kewek, ora njebut, Sing diarah mung pametunc bae. dadi terang jen ora notjogi atine.

Balik saiki Sulastini. Isih enom, dasar rupanc aju tur ja putrane wong sing tjukup. Benre bisa notjogi menjang atine. Njatanc Bedjo Santosa dewe ja tresna menjang Sulastini. tresna kang sedjati. Mula atine tinsah digoda bae, kudu-kudune bali maneh menjing Semarang, kepengin njedaki prawan aju miu. Nanging jen ngelingi bapake kuwi, wong kang angkuh, lan gawene nindes menjang buruhe, kaja bangsane Bedjo Santosa kuwi. Keprije dadine manawa sida dadi mantune? Mestine bandjur kudu pro menjang maratuwane Kuwi wis mesti. Mangka kanggone Bedjo Santosa, senadjana deweke kuwi klebu golonganing wong ala, atine ora tegel, jen weruh bangsane bandjur diperes banget2. Deweke anggone kerrep nglakoni penggawe ala, mung perlu kanggo nulung kantja-kantjane kang katjingkrangan, deweke ora butuh banda akeh, butuhe tjukup, bisa kena kanggo mangan

lan njandang sing lumrah,. Lan wong sing sering disutroni ja wong sing bangsane kaja bapake Sulastini, Li-jane ora gelem. Deweke ora gelem nulac kaja wewatekanane bangsane bapake Sulastini.

Arep uripa mukti kae, jen muktine mau mung marga saka tindak nindes karo bangsane, Bedjo Santosa ora seneng. Luwih betjik urip prasadja nanging bisa tembajatan urip karo separa-pada, ori nindes. Dadi dununing pendjadjalhan iku rupa2. watak nindes pada karo sipat ndjadah, mung sedje tjomake.

Alam peparinge Gusti iba endahe. Kautaman pakajan, iba pigunanc. Saiki Bedjo Santosa eling sing kaja ngonomau. Piwelinge wong tuwa sing ngajuh menjang kautamaning urip. Urip prasadja, luwih prasadja atimbang nalika deweke ana setasiun Tawang lan ana stanplataksi. Uripe tetep dadi pandji klatung, kandang langit, kemul mega, turu ing saenggon. enggon wis kena. Deweke uga emoh kaiket nganggo kabetjikan kaja modele Bok Setra. Anggote erganti tumindak njeklot motor dek kae, manut janurine wis absah. Atsah djer sing dibrandal wong sugih sing mtedidil lan meres Luruhe. Lan cleh-olahaning sebrotan mau saksen bae ora melu nganggo, nanging mung perlu kanggo mbajar sewane menjang Bok Setra lan kanggo nulungi kantja-kantjane kang lagi pada kalireng ora bisa mangan. Bedjo dewe ngakoni, jen tumindake kang kaja ngono mau sawidjining tumindak sing klebu, bisa diadjokake ing pangadilan, bisa klebu ing pakundjaran.

Pakundjaran, pakundjaran. Ah pakundjaran. Apa ija aku bakal' niru tincake wong tuwaku urip kang mung wiñatesan dening tindak, njolong, ngejelu, kundjaran, maling, kundjaran ngono bola-bal? Tudjune prekara2 kang ngganggu pikire ngono iku bisa lipur, merga pegawejan kautaman, manut saka pan-mune deweke dewe Njatare Bedjo Santosa jen pinudju nganggur sering matja buku2 sing guna paedah, tumrap bebrajaning urip lan katen-

tremenaning djiwa ragə. Koran kuwi paedahé ja gede tu-mrap Bedjo Santosa. Awit bisa meruhi sawernanining kabar rupa2. Saja kabar mau kang asale saka Semarang.

Nanging bareng matja kabar sing keri2 iki get inge Bedjo Santosa satengah mati. Kabar saka Semarang tan-sah kebak kəbar bab sebrotan mobil sekuter, ngobong omah. Malah kang keri dewe iki njatroni omahe Sulastini, kenja sing tansah dadi telenging ati. Malah pabrike katut diobong. Kabar mau gawc ngungune a tine Bedjo Santosa. Luwih kaget maneh bareng weruh potrete dewe dimot ing lajang2 kabar, kang djarene sing tumindak kaja ngono mau deweke dewe. Atine lara, mangkel, getem - getem, awit deweke ora rumangsa duwe tindak sing kaja ngono maneh. Lan saiki deweke dadi buroning Pulisi. dadi golekaning para resisir

Ah gek arep njang endi anggonku arep ndelik? Keprije jen nganti mlebu ing pakundjaran, gek deweke ora runangsa dosa? Keprije? Wekasane bab mau bandjur dianggep lumrah. Malah saka pangirane deweke bisa uga ana wong sing mada rupa karo deweke dewe sing tumindak kaja ngono. Bandjur deweke sing diarani, mulane potrete bandjur dilebokake ing koran Saja omah sing disatroni mau omahe Sulastini, kang deweke dewe wis nate njrobot mobile, mula pantes jen diaranana. Sapa sedjatine sing tumindak kaja ngono mau? Bedjo Santosa ora ngerti. Deweke pasrah menjang Gusti. masrahake djiwa ragane, betjik ketitik, ala ketara.

Bedjo Santosa saiki wani ngaton maneh ana setasiun Tawang golek gawan kaja sing uwis2. Saben dina mesti kepetuk Pulisi, nanging ora nate diaru-biru, mula pikire saja mundak tentrem.

Awan iku angine anteng. Srengenge nandes sorote, mula rasane ana awak dadi panas sumelet. Kaja gosong. gosonga rasane. Ora suwe bandjur katon ana sepur saka wetan. arep m lebu setasiun. Swarane mesin mbekos krenggosan, kira2 ngrasakake gawane kang kliwat taker

mau, gek mesine wis tuwa, kang pantese wis diganti anjar. Sepur nuli mandeg greg,

Saka gerbong djedjel rijel sing pada arep mudun, re-butuan disik. Kringete katon da dleweran, ambune ketjut, tjampur gereh lan barang2 lija. Nanging kabeh mau ora dipaelu, sebab mburu butuhc dewe2.

Ing lawanging peron katon ana Pulisi loro, lan resi-sir telu tansah ngawasake sing pada medun saka sepur kang metu peron kono. Nganti sing metu mung kai se-titik, nanging durung tumindak apa2. Wangune lagi nggoleki wong sing dibutuhake.

Saka gerbong kang pentjit dewe, katon ana wong wis rada tuwa, umure bangsaning seket lima tahun. Praup-anne tjowong, awake prasasat mung kari lunglit, saking kurune, pawakane duwur. Panganggone sarwa ireng kabeh, katok dawa, sarunge dislendangake, iket iketan tjava warog.

Wong mau mudune alon2, lakune glendeh2 sakepe-nake, karo njawang kiwa tengene, kaja ana sing digoleki. Kuli2 setasiun sing ana kono pada dissawang kabeh saka sidji, nanging ora ana sing dadi atine. Malah sadjak katon tjuwa atuna. Sawise gedeg lan ngelus dada, deweke nerusake lakune. Tekan peron Pulisi sing ana kono bandjur njedaki karo takon.

— Mandeg rijin pak.

Wong tuwa sing diendeg kaget. Njawang Pulisi sing nakoni mau kanti kebak pitakonan. Ana apa dene ngen-deg lakuku2. Salahku apa?

- Sampejan pundi pak?
- Klaten. — wangslane tjekak aos.
- Sampejan nggoleki sinten?
- Anak kula.
- Sinten djenenge?
- Bedjo.
- Sampejan tumut kula rijin ngeéh?

Wörg tuwa mau kang ora lija Upasanta kaget. Njip ta manawa baka! dilebakake kundjaran manek, kaja sabene, Nanging gek saiki salahe apa awit ora rumangsa duwe salah. Mula Pak Santa ora wani mbangkang, mlu Pulisi mau. Tckan ndjaba ditunggangake motor. Pak Santa sadjroning ana motor karo niawang wong nom sing sandangane preman, kaja2 wis nate ketemu, kang prænane kaja anak. Dieling-eling ora kelingan.

— Salah kula napa pak.

— Sampejan boten lepat pak, namung anak sampejan ni'ku sing salah. Mila sampun adjrih2, namung adjeng kula djaluki keterangan mawon.

— Kula dereng pinanggih niku pak, kalih anak kula. — ngono quneme. Ing batin tansah pitakon. Apa salahe anakk? Apa maling kaja deweke? Durung bisa ketemu bae aku nemu alangan kaja ngene.

Pak Santa dikawal Pulisi loro, dene resisir telu lan nonoman lija sidji terus mlebu setasiun manch. Karo milang-miling, kaja2 ana sing lagi digoleki.

Kuli2 wis pada leren, ana sing nggrombol, ana sing idjen karo lejeħ2 ngrasakake kesele. Ana sing lagi ngertung oleh olehane buruhane. Ana sing senden tembok, karo nglaras udut kebul2. Ana sing lagi gujon karo mbok bakul2. Lan ana sing klekaran turon ana mester, karo njawang pajoning setasiun.

Ing podjok weten dewe katon ana kuli kang lagi nglaras, teturon, raine ditutupi koran, dimen sulaping srengenge ora mblerengi. Tangane sedela2 obah, njableki lalet kang ngrubung. Nanging ora suwe wis ora obah2, awit wis turu kepenak. malah nganggo ngorok barang.

Mitrane kang sadjak setya. alon2 marani. Deweke pgerii jen mitrane sing lagi turu man lagi nemahi kasedihan. Njatane dek sepur teka mau ora mlu golek buruhan, tansah teturon bae.

Koran sing tumumpang rai didjupuk alon2.

diwatja. Nanging kaget weruh koran mau dikrowak tegaha. Gck kabar apa. Mula tjuwilan koran bandjur di-goleki, ora ketemu. Tibane isih digegem. Alon2 didjupuk, nanging ang el. malah deweke oleh sampluk, kena tjangkeme. Wangune sing turu lagi ngimpi ala. kerlipedirebutuwong.

— Bedes elek iki. — karo tangi. Bareng weruh sing kesampluk mau kantjane, bandjur pada gumuju.

— Irenbelane, ana disilihi korane bae teka njampluk.

Pulisi kang lagi milang-miling mau njedak, sadjake ketarik. Bandjur ndjupuk suwekan koran sing tiba, kang ana unine ngenc:

Akan menikah tanggal 17 April 1964.

SULASTINI HARTAHARTAKA

dengan

SUDJADI HIMODIGDOJO.

Semarang 1 April 1964.

Koran diulungake menjang nonoman sing nganggo preman. Deweke mantuk2.

— Leres, nggih lare niti sing kula goleki. Kula boten pangling nalika wonten grija sakit djebres rjin.

— Ajo melu aku bung. — ngono pangatage Pulisi mau karo kuli sing tutupan koran dek mau,

Alon2 mriplate njawang pulisi mau, bandjur njawang. wong loro sing pakean preman. Bareng weruh wong sing pakean preman loro mau, mriplate mentjereng galak. Saupama ora ana Pulisi wong loro mau wis diadjar kabeh. Dikrojoka loro ora bakal keguh. Atine kebak rasa getem2.

— Ajo ngadeg, melu aku. — panggertake Pulisi mau.

Kuli mau ora lija Bedjo Santosa. Bareng eling jen sing ana ngarep mau tibane nonoman sing bijen ngrojok ana ngarep bioskop U.P. Sala sanalika ora eling maneh, Tangane ngepel terus kumlawé kaja kilat, njampluk no-

Nonoman sing ana ngarepe. Nonoman mau ndjungkel kapi sanan tjangkeme metu getihe, untune ilang loro. Pulisi kaget. Bedjo Santosa nuli enggal diketjrek. diglandang lunga saka setasiun. Maune kantja-kantjane arep mbelani. Nanging bareng weruh Pulisi bandjur mundur, mula mung getem2 karo njawang. Gek salahe apa kantjane mau.

— Titenana besuk jen ketemu idjen. sida ana sirah petjah tenan. — ngono grenengane Bedjo Santosa karo Pujja lan Guritno. Sing ndjalari deweke ditjekel mau.



## V. KATRESNANE BAPA LAN ANAK.

DALEME PAK HARTAHARTAKA wis dipadjang asri. Djanur kuning tansah awe2 ijampur karo godong ringin. Lampu2 pating galebjar, padang ngebaki tratag kang gede. Kursi2 carik tinata betjik, kabeh wis kebak para tamu2 sing pada niandang sarwa bregas lan bejik. Tamune luber nganti tekan latar. Kabeh katon olche pada gembira.

Ing dalan gede pirang2 motor, motore tamu-tamune kabeh Swaraning gamelan ngrangin. binarung swaraning pasindene kang njainleng, empuk kepenak, saja muwuhi regengeng pasamuwan kono.

Pak Hartahartaka lagi ribut nemoni tamune. Pasugatan wis tjumawis tur mirasa. Bengi iku Pak Harta lagi duwe gawe mantu. mantokake Sulastini karo Sudjadi

Nanging ana kutjiwane, dené mantene lanang durung teka. Mula tamune akeh sing ngiasani rupa2. Gek mengko mantene lanang. mau alangan ana dalan, apa sepure kasep, apa motore mbledos. Tjekake pirang2 pajakrabawane para tamu2 mau. Nganti djam sangga bandjur djam sepuluh, nanging mantene lanang tetep durung katon, agawe sedihe Pak Taka.

Ing kamar penganten putri, wis suwe anggone nganti anti tekane manten lanang, nanging durung katon, Sulastini ulate peteng lan putjet, ora putjet merga pengantene durung teka, nanging putjet marga deweke rumangsa ora seneng dadi manten. Mula pudjine tansah ndrindil, moga2 mantene lanang ora ieka bae. Dadi wurung, karep ben wong tuwane kadjoderan.

Nanging pudjine ora keturutan. Bareng ngarepake djam setengah sewela, pengantene nembe teka. nunggang motor, sing ngawal mung sitik. Penganten kakung mau bandjur menehi keterangan ana ngarepe Pengulu, jen deweke ora saguh nglakoni, awit deweke dewe wis duwe patjangan. Karo maneh ngerti jen Sulastini dewe ja wis duwe patjangan. Pak Taka kaget kaja mati ngadeg krungu guneme Sunjadi. Sulastini bungahe kepati-pati, Sudjadi dirangkul kentjeng.

Isine Pak Taka ora kena ditebas nganggo duwit. Wring gedc. Saking isine, bandjur ambruk, dadi bajangan wong akeh. Bu Taka dewe katon ndjenger penggalih Sulastini mlaju mlebu kamar, bandjur salin penganggo lumrah, mung sogokane sing isih ketara. Djalaran wis kasep dipaesi. Bungahe katon ngajang banget, kaja katinban ndaru pitulukur, ora ngrewes karo wong tuwane sing lagi dadi bajangan wong akeh.

— Matur nuwun banget lo mas Djad.

— Ija dik. Maune angel banget anggonku arep matur. Jen aku nuruti kersane bapak, keprije polahmu. Apa maneh aku ja wis duwe patjangan dewe.

— Mula raji matur nuwun banget.

— Mula dik l'in bae sing ngerti karo kersane bapak.

— Ija mas nuwun. Aku ja wis wiwit njinahu pega-wejane bapak. Ning sajang, mas Bedjo Santosa sing dak enteni tindak maneh.

— Tindak? Tindak menjang endi dik.

— Weruha aku ora takon. Aku tunggu kabar saka Sala, nanging isih sepi.

— Saka Sala sapa dik?

— Pak Guritno.

— Guritno sapa ta dik.

— Sadjak-sadjake pak Guritno kuwi isih pamiline mas Bedjo Santosa, isih pak-like ngono.

— Elo kok sadjak2 ki piye ta?

— Djarene Paklik Guritno kuwi rajine pak Pradjadigdojo.

— O . . . ngono ta tibane. Sabandjure piye.

— Kang mangka djarene mas Bedjo Santosa mau putrane Pak Bei Pradja, nalika baji lahir, terus ilang digondol gendruwo.

— Digondol gendruwo?

— Ija djarene. Nanging bareng ditliti sing temenan, sing diarani gendruwo mau wong lumrah. bangsaning maling. Aneh ja mas, maling kok njolong baji. Sabab maling mau pejtaja banget menjang tahjul, djarene jen bisa njolong baji sing lahire dina Selasa Kliwon, bakal nggawa redjeki akeh.

— nDjur piye teruse?

— Jen mula bener, ja mas Bedjo kuwi baji sing ilang. Ngono manut keterangan pak Guritno sing tansah njidiiki ilanging baji. Malah gelang saka mas Bedjo Santosa dadi bukti sing njata, jen gelang mau eclange Bu Bei Pradja dewe sing ditjolong maling, bareng2 karo ilang baji mau.

— Ah jen ngono dik Tin seneng ja bakal duwe mraspuh Bei kuwi.

— Ah jaora ngono kuwi mas. Ora merga beine kuwi, nanging pantjen aku dasare seneng karo mas Bedjo, seneng lahir batin, senadjana deweke wis nate njrobot mobilku,

— Nanging sajang ja dik, saiki ora katon. Nanging saiki kita kudu bisa gawe renaming pehgalihé bapak lo dik Tin. Bapak rak lingsem mangka tamu wis akeh. Bengi iki kudu ana mantan temu tenan.

— Lo lha piye mas. Aku teka durung ngerti kersane.

— Ngene dik. Bapak ibu rak kraos wirang, merga

aku lan kowe ora sida dadi manten bengi iki. Mangka tamune wis akeh. Mula kanggo ngilangake wiranging bapak ibu, kita kudu bisa ngeguhake. Kowe râk ja welas karo wong tuwa sing nandang wirang geden ngene ta.

— Ija wis mesti bae mas.

— Mula tjarane ngene. Tjoba saiki dik Tin apa ngerti ing antarane buruhe bapak kene sing lagi sir-siran. Mengko bengi iki didadekna manten pisan. Keprije setudju apa ora kowe dik.

— Wah setudju banget mas. Kabeneran buuhe bapak ana sing lagi sir-siran, jaiku Pudja. Pudja kuwi bijen wis nate dak petuki ana Sala. ana ngarep biskup U. P. kang ngrojok mas Bedjo. Maune aku moh nampa, nanging bareng deweke djarene keponakane Pak Guritno, lagi gelem nampa. Deweke lagi sir-siran karo mbak Lastri, djuru tik kene. Wangune wong loro mesti geleme.

— Nanging kutjiwa banget dene Pudja ora katon, malah wis limang dina ora katon mlebu.

— Lijane maneh ana apa dik Tin Kutjem2 diraupi, kanggo nambel wirange wong tuwa.

— Ja engko disik mas. dak golekane disik. Buruhe bapak ja akeh sing lagi sir-siran ngono. Mengko dak gelekane menjang buri disik.

Sulastini bandjur metu menjang buri, rekane arep nggoleki buruhe sing lagi pada sir-siran, Durung nganti adoh saka panggonan wedang. Sulastini kaget weruh gli-beding wong ana panggonan sing linduk. Sulastini tjipta jen iku wong ala. Mulane bandjur bali maneh, bandjur klesik2 karo Sudjadi. Sudjadi bareng dikandani terus metoni, nggoleki wong sing njala vadé mau, kanti amping-ampingan wit gedang. Sudjadi tjutjul djas, kemedja lan sepatu ditjopoti kabeh, lakune djindjit marani nggon sing linduk mau. Kang ditudingi dening Sulastini.

Temenan. Ing dapuran wit gedang kono ana wong géde duwur isih nom, lagi ngindjen wong djagong. Kaja2 wong mau lagi ketujuwan atine, tandane tangane ngepel,

karo didjotosake wit gedang. mripate mandeng mentjoreng menjang pasamuwan. Sudjadi trengginas, terengkus tangane loro wong mau. Saka buri. Wong mau dadi kaget karo noleh lan mbabitake tangan Sudjadi. Sudjadi kalah rosa, nganti tiba kebanting. Nanging trengginas njekel gitoke wong mau, ngetapel kaj sekrup. Wong mau obah. Sudjadi diobat-abitake ana wogedang, karepe ben ujul, nang ng Sudjadi tetep ngetape emoh ujul, njekeli sarosane. Rekane Sudjadi arep mbengok ndjatuk tulung, nanging ora sida, kuwatir jen gawgegering pasamuwan. Mula senadjan awake wis kras lara diantemake wit gedang isih ditahan bae.

Sulastini kang wiwit mau melu dingkik gelute Sudjadi lan wong mau atine dadi somar, awit weruh Sudjadi diantemake wit gedang bola-hali. Sulastini bandjur njedaki, rekane arep tetulung, [ndjupuk tugelan kaju sir kabener ana tjedake. Rekane arep dipentungake won mau.

Nanging sepira kagete Sulastini bareng weruh won mau. Sanalika ndjerit karo mbuwang pentunge,

— Mas Bedjo . . . . !

Krungu pandjelihe Sulastini kaja ngono mau Sudjadi dadi melu kaget. Anggone njekeli dadi uwat. Ko'ok la'ne Bedjo Santosa bareng sing ngamplok uwat. Sanalika iku bandjur nggeblas mlaju sipat kuping, let sedela maneh wis ijang ana ing pepeteng. Pambengoke Sulastini gawe kaseute wong akeh. Tamu2 pada marani arep tetulung. Nanging wis kasep, sing ana munz Sulastini kare Sudjadi sing ambekane krenggosan kaja sepur.

— Wonten napa; — pitakone wong? sing pada tek mrono,

Sulastini nembe eling, nuli enggal mangsuli dor sembada.

— Kula dipun adjrihi wonten ngriki kala wau, kula kinten memedi. Mas Sudjadi ladjeng tetulung. Saren

dipun sikep ingkang kula kinten memedi wau dawahipun wit pisang. — ngono wangslane Sulastini goroh.

Sudjadi krungu wangslane Sulastini kaja ngono mau gumun. Nanging bareug dipikir dawa bandjur ngerti ka repe Sulastini mau. Mulane deweke bandjur melu mbenerake guneme Sulastini. Sing direwangi melu lega atine. Lan wong? sing pada teka ija melu lega lan pertaja karò wangslane Sulastini. Mula bandjur pada bali menjang djagongan maneh karo sadjak gumuju:

Sulastini bandjur menjang dalan gede, weruh sawidji ningmobil sing bregas ing selain mobil akeh. Sulastini ora pangling karo mobil iku, mobile dewe sing ilang maneh. Lan ing djero ana nonoman sidji kang wangune arep nglakokake mobil mau. Trengginas Sulastini bandjur mbukak lawang mobil mau, terus ngrangkul karò nonomaa mau, kang dikira Bedjo Santosa. Rasa kangene, tuwuh sanalika. Pangrangkule kentjeng merga saking kangene. Saiki rumangsa bungah dene kekasihe teka

— Mas Bedjo! - pambengoke karo njikep kentjeng!

Nanging sing disikep mau bandjur grondjalan lan bekah-bekuh. Karepe ora gelem. Mula tansah nduwa pangrangkule Sulastini.

Sudjadi karg tansah ngetutake lakune Sulastini, bareng weruh kedadejan mau, lan weruh rupane wong mau. Bandjur genti mbengok.

— Dik Tin, dik Tin. Kuwi dudu Bedjo Santosa. Eling lho.

Sulastini krungu pambengoke Sudjadi kaja ngono mau kaget. Bandjur njawang nonoman sing lagi diruket mau. Sanalika kagete kaja dientup ing kaladjengking. Uwat pangrangkule, kanti semu isin. Awit nonoman mau dudu Bedjo Santosa, nanging Pudja. Buruhe dewe kang arep diolehake buruhe putri. Saiki Sulastini bandjur ngerti, tibane sing njolong mobile mau dedi Bedjo Santosa, nanging Pudja. Putrine Den Bei Pradjadigdojo, ija

keponakane Guritno dewe. Dadi sing tansah gawe ontan2 ngobong pabrik iku sedjatine Pudja dewe. Nanging sing ketiban denggung Bedjo Santosa. Mangkono uga sing njolong mobil uga Pudja dewe. Deweke duwe karep ngorono, amrih bisa mikat atine Sulastini, lan terus ngalangono. Bedjo Santosa. Tudjune Sulastini dewe isih panegah tresna karo Bedjo Santosa, lan geting karo Pudja, awit isih kelingan nalika Bedjo Santosa diklojok ana Sala disik.

Dene Bedjo Santosa dewe sedjatine wis adoh saka kuta Semarang, deweke lunga menjang Matiun, perlu njingkri kekasihe. Nanging bareng Bedjo Santosa maija koran, lan gambare dipatjak ana koran, awit diterka deweke sing tumindak kaja rgonon. Bedjo Santosa bandjur bali menjang Semarang, perlu njlidiki kabar propoka i mau. Tibane sing tumindak kaja rgonon mau Pudja. Bedjo Santosa ngeiti kabeh.

Dene ditjekele Pulisi ana Setasium Tawang mau, marga didakwa njolong mobil, sing nuduhake Pudja dewe karo Guritno. Bedjo Santosa bandjur nesu. Awit babar pisan deweke ora rumang a ndjupuk, nanging saka pitenahie Pudja dewe. Deweke bandjur onjat saka tahanan, bandjur gawe petungan karo Pudja. Pudja dicih h sakijange ngai ti ora bisa apa2, wusana bandjur ngakoni salah. Pudja bandjur dirangket samobile. rekane bengi iku arep dipasrahake menjing Pak Hartahartika, kang bengi iku kabener lagi mantu putrane oleh Sudjadi, manut pariwara sing diwatja ana koran.

Bedjo Santosa saiki rumangsa semplah banget atine. Uripe manut pangrasane dadi sawidjining wong sing tijilaka dewe saalam donja. Kabeh mung kebak kasangsaran lan panalangsa.

— O . . . dik Tin, dik , . . Tin. Sajang dudu aku sing dadi pangantene lunang. - grenengane.

Bedjo Santosa bandjur ndingkik., amping - ampingan wit gedang. Sajang bandjur konaigan, malah diringkus saka buri. Tudjune bañdjur olch pitulungan, jaiku pam-

bengoke Sulastini sing weruh jen sing lagi ngindjen mau deweke dewe. Bedjo Santosa terus mlaju sipat kuping, nggeblas saka kono. Awit dikira Sulastini wis dadi bodjone Sudjadi. Deweke arep menjang Sala, arep gawe petungan karo Pak Bei Pradjadigojo, wong tuwane-Pudja.

Untung dene Pudja wis ditaleni kentjeng ana mobile, ora bisa budi. Lan saijedake kono mung ditinggalilajang, sing njebutake sing njolong mobil mau dudu deweke nanging Pudja, wong sing wis diringkus mau.

Sing tiba kejelik dadi Sulastini, awit dikira Bedjo Santosa sing ana mobil mau. Tibane Pudja. Awit Pudja lan Bedjo Santosa awake meh pada gedene, lan rupane uga mangkono, kaja boijah kembar.

Pudja benzi iku dipasrahake Pulisi. Lan bengi iku ugu Sulastini bisa nambal wirange wong tuwane, jaiku buruhe lijane bengi iku didadekake manten karo buruhe dewe. Dadi djagongan sida beres. Wirange Pak Tatahar-taka bisa ditambel. Senadjan ora status persen gawe marrem, nanging wis gawe lega. Anggone mantu sida beres. Para tamu uga ora rumangsa katjuwan panggalihe. Anggone ujon2 nganti bengi nembe bubar.

---

Ing tengah-tengahing gedong Lembaga Pemasjarakan, katon djembar bawera, tinukulan ing suket kang idjo rojo2, ngresepake ati. Embun pating tremplek ing pasuketan, kumelap kaja liringing waranggana. Kindjeng, kupu lan sahangsane lagi pada gegodjegan, ojak-ojakan, ngubengi plataran kono, katon, pada seneng,

Mung ing sadjroning sel2 pamasjarakan kang katon angker rinudji wesi, kebak para narapidana kang uripe pisah karo kebrajan lumrah lan sanak-sedulur. Kala2 narapidana mau pada njawang djaba, njawang suket sing idjo rojo2 minangka dadi panglipuring atine,

— Pak, pak. — manglono keprungu pangundange sawidjining narapidana menjang kantjane tunggal kamar. Nanging sing diundang meneng bae malah sadjak katon sedih, ulate suntrut.

Sing diundang mau wonge wis tuwa, pawakane gedé duwur, brewok, brengose sing sakepel sisih nglempruk, kaja lagi melu bela sedih. Kang tekanc kono nembe rong dina. Dene sing undang2 mau isih nom,

— Sedih pak. Pantjeu donja iki isine mung sedih kok pak. Nanging sedihe rak ja saka digawe dewe. Ah saupama bijen da kangsenan arep dadi sekamar ana kene rak ja ora bisa kelakon ta?

Sing diadjak omong ora mangsuli. Mripate menteleng abang ngatirah, awit rumangsa diadjak gegujon.

— Kok menteleng pak. Bok adja mentelengi aku. Kana mentelengi upase bae mengko jen teka rene. Utawa sing nglebokake rene rak ja dudu aku ta? Wong pada sijal wis didjarag, kok sedih. Apa lagi sepisan iki langganan ana kene?

Wong tuwa mau tetep ora mangsuli. Nonoman sing adjak omong mau kena-kenaha arep dikemah2 mentahan. Atine mangkel. Ja bener deweke mau sering dadi langgananane pamasjara katan. nanging deweke rak laku maling, ngrampog utawa ngetju. Deweke ora getun, ora keduwung, dipisuh-pisuhi ja gelem bae. Nanging balik saiki, di-pisuh2i kaja ngono serik banget atine, gek sing misuhi botjah wingi sore bae. Anggone deweke nganti ana pamasjarakatan kono kuwi benere deweke ora salah, sing salah dudu deweke. Nanging jagene deweke dikundjara? Pantjen kahanan kang pada, durung kinaruhan nggawa prastawa kang pada, Kang terang ing wektu iku deweke lagi nandang sedih banget. Sedih merga dikundjara iku, ora ngerti salah. Wong njolong ndjupuk ja ora. Sepisan dji iki deweke pantjen sansah nduwa, senadjan deweke iku sawidjining pentolan sing dug-deng. Klebu pentolan gento klas wachid. Sanaring mripate kang ngemu trenjuh

alum ketara banget, sarta sengklehe bréngose sing ora ngadeg kaja adat sabene.

— Bedjo kowe iki lo pak, ora dibuwang merjang Nusa Kambangan. Mula adja sedih2. Pangan kari mangsan, anu sing ngladeni, lan ora golek. Iki rak wi murwat karo kaliputanmu, ja gene sedih, mbok kaja aku, adjeg bungah! Getun apa! Jen getun mbok bijen adja nglakoni. — ngono guneme nonoman mau senadjan ora oleh wangulan, meksa ngadjak guneman bae.

— Bok ajo da dongeng-dongengan. Katimbarg meneng-menengan. Wong sakamar genah mung wong loro ngene kok anteng bae. Malah ngluntuh, kaja R. Sentjaki ilang gapite. — sambunge maneh.

Kang ditakoni saja tambah anjel atine. Malah kudu nempiling nempilinga kae. Nanging sing takon ora rumangsa dienengake. Malah gumuju tjekakakan.

— Ha . . . ha . . . ha . . . diukum kok susah. Malah tambah pengalaman. Mengko metu ja njolong maneh, maling maneh. Ha . . . ha . . . ha . . .

— He . . . meneng. Begedjil tjilik iki. Nek kaja dapurm u ngono diukum memper. wong kowe njolong, ngetju. Balik aku? — wangulan sengol.

— Ha . . . hah . . . hah . . . kowe iki apa pendita ta pak. Wong tuwek ora rjetub. Kowe iki wong suji apa anggepmu. Ha . . . gedjus . . . , gedjus . . . anggepmu sutji.

— He . . . meneng kirik. Tjeriwis bae. nDjaluk tak tempiling pa?

— Bangkokan tuwa ki. Sadjake?

Saking ora kuwat ngampet mangkele, tangane wong tuwa mau kumlave kaja kilat, nampek raine nonoman mau. Sing ditempiling pringisan djungkel. Sapa wong tuwa mau? Ora lija Pak Upa santa. Sing ditempiling bandjur meneng, ora wani males, awit weruh tangane anter banget, gumebjar tiba sirah nganti konang-konangen.

— Kapok ora? Maneh apa?

Sing ditakoni genti ora mangsuli, mung tumungkul

ora wani mandeng. Pak Santa bali sedih maneh. Lung guhe tumungkul, brengose melu tumungkul.

— O . . . . nasibku pantjen lagi ciek. Nek aku maling memper dikundjara. Di ukum wis djamake. Lan ja wis lega. Djer wis dinijati. Nanging balik ora, wong ming lagi nggoleki anak bae durung ketemu, kok diukum. Apa salahku? - ngono grenengane Pak Santa.

— Hem . . . . donji iki pantjen aneh. Sing dak goleki durung ketemu. Balik sing dak temu, durung mesti sing dak goleki - sambunge maneh.

Nonoman mau njawang Pak Santa sing lagi sedih.

— Pak, pak. Ning bapak rak wis nate maling ora konangan ta? Ora diukum,

Pak Santa njawang nonoman mau. Digagas2 panjèr ana benere guneme. Dagang upamane, tuna batu kudu wani nglakoni. Ora kena bekah-bekuh. Adja golek batine wae, tunane ja kudu disangga.

Ora suwe lawang wesi mau dibukak. Wong2 kena niliki ahli watise kang pada diukum ing konpo Kiwa tengene Pak Santa wis ditiliki kabeh. Pada katon bungah. Ketara gujune pada rerjih, sarta manganc pada dokoh. Nanging Pak Santa lan nonoman mau ora ana sing niiki, nginguuk bae ora. Bijen nalika sering dikundjara, mesti dikirim karo sing wadon, nanging saiki ora babar pisan. Marga sing wadon ora ngerti, jen deweke nemu alangan kaja ngono. Mula pikire saja nglangut.

— Ah . . . mula-mula ja kowe anakkku. Bedjo . . . . Bedjo . . . . kowe ana ngendi saiki? - ngono kawetu guneme rada sora.

Dumataken ing ngarepe ana wong wadon setengah tuwa. Sepisan iki sandalpane prasadja. Kaja2 wis ngrumangsani manawa utip mono sedjatine mung lumrah. Pak Santa njawang wong mau. Wong wadon setengah tuwa uga ganti njawang. Pak Santa sadjak pangling.

Pangling napa pak kalih kula - pitakone wong wadon mau.

Pak Santa saja mentjereng anggone mandeng. Dilirg2 ora kelingan. Sapa ta? Saeline ana Semarang ora duwe sanak kadang, wanuhan ja ora.

— Bapak rak Pak Santa ta, jen boten klenlu? - pitakone wong wadon mau. Karc njedaki.

Pak Santa meneng. mung tansah njawang bae.

— Bapak rak ingkang dalu2 dateng wande kula ta. Kula boten pangling.

— O . . . ija. Aku saiki kelingan. Kowe kok rene. Ana apa?

— Dateng kula mriki bade njuwun pangapunten ka lijan bapak.

— Luoste apa, ndjaluk ngapura karo aku.

Wong wadon tuwa mau bandjur lungguh indeprok ing sangareping rudji wesi. Bandjur ngetokake oleh-olehe. Segala wungkusun salawuhe, lan kates djingga sidji.

— Engga didahar disik pak.

Pak Santa ora wigak-wigih maneh. Segala salawuhe sedela bae wis bablas pindah menjang weteng, tanpa nganggo ampun maneh. Dene wong wadon tuwa kang ora lija Bok Setra mung njawang bac. Sawise rampung, Bok Setra bandjur wiwit tjrita.

Bok Setra bandjur tjrita akeh2 bab paguripane Bedjo. Sarto maneh deweke waleh manawa kang kanda2 mau sedjatine awake dewe, kanda jen Pak Santa mau bapake Bedjo sing lagi digoleki Pulisi. Dene sing dikan-dani mau ora lija nonoman kang lungguh djedjer bijen jaiku Pudja.

Krungu tjrita kaja ngono Pak Santa banget getem-getem karo Bok Santa. Pangau kang wiwis klebu weteng milih dibalekake. Pak Santa kepengin ngremed Bok Setra, arep didadekake glepung. Nanging bareng Bok Setra ba-

nget2 anggone ndjaluk ngapura kanti tulus iklas, Pak Santa rada lilih nesune. Pantjen aneh atine, dina sing keri keri iki atine gampang olehe lilih. Idep2 njuda dosane, kudu sabar.

— Anu pak. Sakniki Bedjo empun minggat malih saking tawanan. Terang sing njolong motor niku sanes Bedjo, makaten ugi sing ngobong pabrik.

— Kok ngerti? Dadi dudu Bedjo sing njolong. Lha sapa?

— Sanes pak.

— Hem . . . kurang adjar, Lajak aku ora lila urip ana kundjaran. Lajak atiku dadi sedih bae. Iki ta djalarane. Lha sapa sing njolong mau.

— Sing njolong niku Pudja.

— Pudja. He , . . , bangsat ala. guneme karo ngepcl tangane, mriplate dadi abang ngatirah kaja senter kang lembek batune. Brengose dadi kentjeng maneh. Otoie pating patenteng kentjeng. Terus ngantem tembok. Nganti Bok Setra dadi kaget.

— Bangsat ala. — guneme sepisan maneh karo ngadeg arep metu;

— Lho pak, adjeng teng pundi niku.

— Arep ngoleki Bedjo. Aku wis kangen banget.

— Bedjo sakniki empun lunga adoh, djalaran kekashé Sulastini empun omah2.

— Dadi Bedjo lunga adoh? Njang endi? Botjah ki dikangeni wong tuwa ora gelem mara, malah ngaduhan.

— Inggih pak. Bedjo empun kesah tebih.

Pak Santa bali lemes maneh, lungguh nglempuruk kaja kapas. Bok Setra melu trenjuh. Deweke melu ngrumangsan, gede tjilike ndjalari Bedjo dadi lunga adoh, kabeh saka tindake deweké.

— Empun ngeten mawon pak. Bedjo kula golekane, mangke kula tjariosane jen samang onteng ngriki. Mestine bandjur gelem mriki.

— Ngono ja betjik.

Sawise rampung Bok Setra bandjur pamit mulih. Pak Santa bali lenger2 maneh.

—O . . . dadi kaja ngono ta pak djalarane bapak dibungdara iki. Jen ngono bapak pantjen ora salah. Mu-la katon sedih Ja muga2 bae Bedjo enggal mrene. —ngono guneme nonoman sing sakamar, kang wiwit mau mung ngrungokake bae, ora sambung.

Pak Santa ora mangsuli. Atine saja katon sedih. kangenc kepengin ketemu anak era kena disajuti maneh, nganti luhe cleweran metu. Kangene saja notol banget.

Bengine pak Santa bisa ontjat saka gedong pamasja, rakatan kanti ora ana sing weruh. Tekan ndjabat kün-diaran, terus gegantjangan mulih. Nijate arep mulih me-njang Klaten, mbokmanawa anake wis bali. Sapa ngerti, katimbang dijak2 Pulisi, luwih betjik ndelik ana desa, ana ngisor gunung,

— Tembe buru jen ana sangunc. Jen ora mulih, dak larine maneh. O . . . Bedjo . . . Bedjo . . . kowe ana ngendi? Bapakmu kangen banget. Ajo le kéné dak gendong . . ngono grenengane Pak Santa sadalan-dalan. Lakune gegantjangan, wedi jen tindake konangan ing lijan. Lakune tansah ngutu, mriplate dleweran eluh, kanz tansah metu bac.



## VI. PUNGKASANING LELAKON.

UDANE RIWIS-RIWIS. Ing ndjabab mendunge, putih. Bengi iku ing ngendi2 katon sepi, senadjana durung djam sepuluh. Omah2 wis pada kantjing lawang. Hawane adeun ndjekut, ngrikiti kulit. Lampu2 listrik ing dalam2 katon surera. Wong mlaku uga ora katon. Tetunggangan uga langka.

Dalem Pradjadidgajan uga wis sepi, sepine ngungku-li rongpuluh tahun sing kapuokkur nalika babaran, la-jine ilang. Saiki temboke wis klawu, marga wis lawas. Malah tembok pager kebon wis akeh sing bengkah. Ke-

bone tambah rungkut. Wit pelem kang rongpuluh tahun isih tjilik, saiki wis duwur, malah wohe ndadi, wis njadidam,

Isih adjeg kaja bijen sanadjan wis sepuh Pak Bei Pradja Pantjen sereng lenggahan ngantibengi. Terkadang karo garwané, jen ora ja idjen, karo nglaras swaraning radio, ujon2 njamleng saka Ngajodjakarta, kang swara-ning waranganane njata njamleng temenan gawe lam-jamaning ati, bisa gawe lipuring drija kang lagi kesepen. Mula terkadang Pak Bei melu rengeng2 melu swaraning pasinden mau metu Radio. Pantjen bijen Pak Bei Pradja mau wasis banget bap ulah kridaning tembang, ngan-dii Bu Bei dadi kepentjut,

Ing bengi iku Pak bei Pradjadigdojo lagi lenggahan sekalian karo tamune rajine, jaiku Guritno. Pak Bei lagi midangetake lapurane rajine. Pasurjane katon peteng. Kawistara banget dukane. Sedela2 karo mandeng rajine.

— Aku rak ora ngerti karo karepmu Rit. Kowe dak kongkon nggoloki keponakanmu Bareng wis ketemu, malah kok pasrahake menjang Pulisi. Tjoba pikiren, duwit pirang ewu bae sing lebur kanggo nglari. Hara pikiren apa kuwi ora ngubal ubal duwit bae.

— Nanging kangmas, Mugi2 ingkang katah pangak-samanipun. Kawuningana anggen kula ngantos masrahaken Pudja dateng Pulisi punika, amargi lelampahanipun Pudja awon sanget ngisin isinaken tijang sepuh. Tjobi kula aturi manggalih. Ingkang njolong mobil inggih pijambakipun, ingkang besmi pabrikipun kangmas Tatahartaka inggih pijambakipun, ladjeng ingkang ndjugil kamaripun nak Tin, ugi pijambakipun, makaten ugi ingkang asring ngganggu dateng para kenja, inggih pijambakipun. Punapa bab punika pantes dados putranipun kangmas sekalian? Mangke rak lelampahan wonten Pudja kalih.

— Gek saiki Pudja ajar arep kok balekake mrene. Botjah sing adol motor ujolongan bijeu kae. Aku kok ndjur ora pati seneng karo Pudjaku dewe Rumangsa jen dudu anakku - penjelane Bu Bei.

— Lare ingkang njade motor kala rumijin punika inggih dereng kantenan ingkang putra pijambak.

— Nanging buktine rak wis ana.

— Gelang punika punapa mbakju? Jen gelang, inggih dereng saged kangge bukti. Manawi namung anggen-ipun njebrot, kados pundi? Utawi damel gelang kados makaten pinten dangunipun.

Sepi sedela, Panggalihe Bu Bei kraos. Ature rajine mau ana benere. Malah bener kabeh jen digagas2. Nanging senadjan kaja ngono, embuh apa sebabé dene ke-pengin ketemu bae karo Bedjo, kang eseume presis kaja Pak Bei rikala isih timur. Esem kang ora bisa ilang saka djiwane,

Sewaunipun Pudja sampun saged nangkep dur-djana. Prekawis punika rak nedahaken satunggiling kau-taman. Kenging kangge alesan, punapa sababipun Pudja saged kula tampi wonten dalem ngriki.

— Ah Rit, Rit, Bijen ja kowe sing nemokake anakku ana ngisor kretek Djurug. Bandjur kowe kanda maneh, jen anakku sing temenan wis kok prangguli, ja botjah sing adol motor kuwi. Ndjur saiki, ja kowe dewe sing muntes kekarebanku kepengin weruh anakku sing sanjata, sing sedjati. Hara, apa ora mbingungake wong tuwa, endi sing dak gugu. Gek sing bener sing endi?

— Pantji kesinggihan sanget mbakju. Gesang ngaten mila bolea kenging ndjagekaken. Kala waunipun kula kinten leres, dawahipun lepat.

— Gurit. Gurit. Tak kandani ja. — pangandikané Pak Bei santak.

— Bener tindake Pudja kuwi sawidjining tindak kau-taman. Aku ja gelem2 bae nampa, djer ngrumati botjah mono ora ana alane. Mesti oleh berkah saka Sing Kuwas-a. Apa aku ja nampik jen Pudja iku dudu anakku? Nanging rak wis terang to, jen Pudja kuwi dudu anakku? Manut keterangane dokter dek mriksa getihe majid kere sakloron bijen? Balik sapa kuwi . . . . Bedjo, nadjan du-rung kinar, nanging rak kena dilari, buktine?

Guritno tumungkul. Sedjatine atine ja ngakoni, jen Bedjo kuwi bener putrane kangmasc. Nanging apa sababe dene atine dewe dadi nampik?

— Wis saiki kowe gelem ndjupuk botjah mau apa ora? Prekarane betjik adja kok adjokake menjang pengadilan... Arepa pirang ewu rupiah dendane, aku saguh mbajar!

Guritno isih tumungkul. Ing batin tansah nduwa menjang kersane-kangmase mau. Mula nganti suwe durung bisa matur. Kaselan Pak Bei dadi ilang kesabaranc.

— Wis kowe gelem apa? — ngendikane sora.

— Inggih kangmas. — wangsalane Guritno kaget.

— Bola-bali mung inggah-inggih bae ora uwis<sup>2</sup>, ora kok tandangi, ora mangkat<sup>2</sup>. wis ping pira anggonmu mangsuli kaja ngono kuwi? — bubar ngendika kaja ngono Pak Bei djengkar, mlebu menjang kamar. kanti sengkel panggalih. Ora suwe bandjur metu maneh, wis ngagem mantol ireng.

Guritno kaget.

— Bade tindak pundi kangmas, dalu<sup>2</sup> punika?

Pak Bei ora mangsuli, terus metu tjiptane bengi<sup>2</sup> iku arep menjang Semarang dewe. Weruh kahanan kaja ngono mau Guritno kaja didodog dadane, bandjur nuuti kangmase. Terus menjang garasi. Ora suwe bandjur keprungu pembengunge mesin, Motor bablas dibandangak menjang Semarang.

Bareng Pak Santa tekan desane, atine tjuwa banget, dene anak sing dikangeni mau ora mulih. itunggu nganti sepasar meksa durung teka. Pak Santa bandjur lunga maneh. Sepisan dji iki separa, ora arep mulih jen durung ketemu karo anake. Saiki lungane malah nggawa slendang batik sing wis lawas, malah kepara tuwa. Nanging

manut kapijandelane, slendang mau dianggep nduweni kekuwatan gaib, kang bakal bisa ketemu karo anake.

Tekan Sala sangune entek. Wetenge krasa luwe. Maune arep njolong apa sing ketjandak. Nanging bareng dipikir dawa, tintak kaja ngono ora betiik, gek mangka lagi nggoleki anak. Mundak njial-njiali, mula wurung. Ngelining weteng tansah ditahan, idep<sup>2</sup> deweke tirakat, supaja anake enggal ketemu. Mula weteng klikikan. lan ngelak, tansah ditahan, dikuwat-kuwatake.

Dumadakan deweke bandjur eling menjang Pak Bei sing brewu, sing wis nate ditjolong bajine. Nanging apa arep njolong maneh? Ka mangka butuhe arep kepe-arep ketemu karo anake, era arep tjolong djupuk. Lelangan sing uwis<sup>2</sup> nedia disingkiri, kepengin urip ajem tentrem, ora arep dadi maling, Kepengin dadi tani, matjui ana sawah. Ora diojak-ojak Pulisi maneh, lan ora bola-bali mlebu gedong pamasjarakatan. Saiki wis kapok, wis djindja. Kepengin dadi wong betjik<sup>2</sup>, betjik atine, ja betjik batine,

Dene anggone kelingan marang Pak Bei mau, mung mbokmanawa anake saiki wis bali mrana, kepengin ketemu. Jen wis bisa ketemu; deweke arep bali mulih menjang desane, lan arep ndjaluk pangapura karo Pak Bei. Ngono gagasane atine Pak Santa.

Nanging arep mrana awan<sup>2</sup> ora wani, kuwatir anake weruh malah bandjur nglungani. Mula nijate mengko bengi arep diparani mrana, arep ngindjen, apa bené anake kuwi ana kana.

Pak Santa sedih atine. Rumangsa dosa gede: wiwi ditinggal anake lunga, uripe Pak Santa tansah nandang kasurang-surang bae. Mula putusane wis mateng, lai mantep, me ikgko bengi arep mrana. saiki deweke butuh ngaso disik. Mula bandjur menjang kretek Djurug, andor turu ana kana, lemeken pasir, lan bantalan watu.

Bengi iku Pak Santa bandjur menjang Pradjadigda

an temenan. Kebeneran udane riwis<sup>2</sup>, sepine mamring. Kaja dek bijen nalika deweke njolong baji nembe lahir.

Kanti sabar lan kekendelan. Pak Santa bandjur mlum-pat pager tembok, kaja sing disik. Let sedela wis ana pekarangan djero. Pak Santa pidjer tolah-toleh, karo ningake swara, nanging sepi bae, ora ana swara apa2 sing krungu. Kaja bijen, lakune djindjit marani lawang.

Ing podjok lor wetan, sanding pager tembok, wis ana nonoman ana kono. Pawakane uga gede duwur. Mlebune disik nonoman mau, kira2 sepuluh menit ndisi lebune Pak Santa. Pak Santa ora ngerti.

Pak Santa bandjur umik<sup>2</sup> ndedonga. Kanti djangkah kang mantep, deweke marani lawang butulan. Ing batin jakin, bakal bisa ketemu karo anake. Slendang wasiat dikalungake ing gulunc. minangka kanggo ubel<sup>2</sup>.

Nanging . . . . saupama Pak Santa ngerti jen ing sisih kiwanc lawang mau wis ana wong gede duwur ana konco. Kiaku Pak Santa dadi wurung anggone arep mlebu. Sarehning ora ngerti, mula kepenak bae. Lakune adjeg tataq. Ora nggagas babar pisan jen bakal nemu be-baja. Mangkono uga wewajangan kang gede duwur, uga kaget banget. Saupama ngerti, jen bakal ana wong teka, mesti trima mlaju. Nanging bareng wis kepergok,, mula bandjur nekad.

Saka pangirane wewajangan sing gede duwur mau, Pak Santa diarani djaga maleme. Mula bareng tjedak, wis ora nganggo ampun maneh. Lagi bae Pak Santa djumangkah, gitoke bandjur ditibani watu kang gedene saendas wedus. Sanalika iku Pak Santa ndjerit, karo am-bruk glansaran . . . . sirahe adus getih. Kaja wong banjaki.

Let sedela maneh bandjur keprungu djerit kang sora, ngumandang njingkap ing wajah sepi, njuwek pangrungue sing lagi enak<sup>2</sup> sare. Sapa sing ndjerit sora mau?

Apa pak Santa? Dudu! Nanging sing djerit sakajange mau sing ngepruk Pak Santa dewe. Kang ora lija Bedjo Santosa. Kang duwe karep arep njegat Guritno, sing wis nate njekel deweke, nalika ana stasiun Semarang. Dadi rekane arep males.

Mula bareng krungu pandjeriting wong gede duwur mau. kang diarani tukang djaga malem. Bedjo Santosa kaget banget, awit kaja2 wis nate krungu swara sing kaja ngono. Mula bandjur ditjedaki wong sing ndjerbabah iku. Bedjo ora pangling, ja brengose, ja awake, ja godege, ja wulune kalong lan tangane sing ana gelange wesi sadidi gedene, lan ana tulisane Djawa-Dipa kang unuic Upasanta.

Sanalika iku atine Bedjo Santosa suwek rontang-ranting, bareng weruh bapake ngrungkebi bantala. O saupama kang marakake ora ejing mau dudu deweke dewe, kira2 wis ana sirah petjah temenan. Nanging bareng awake dewe. Mung ndjerit sakajange iku kang kawetu. Bedjo terus ngrungkebi wong tuwane karo nangis kaja botjah jilik. Kuwatir jen bapake kebajut mati.

Tangise lan pandjerite Bedjo Santosa mau kepireng Bu Bei Pra ija. Bandjur metu alon, karo ngasta teplok, awit dikira bature lara.

— Sapa kuwi? — ngono pandangune.

Betijo Santosa sangsaja anggone nangis. Deweke ora nijat mlaju. Tekade mati bareng jen karo bapake. Mula karo ngguguk deweke mangsuli.

— Bapak!

Bu Bei dadi kaget. Saka rumangsane sing dirungkebi mau kakunge. Mula sakal tangise bandjur wutah, sam-bat2 karo Kang Maha Kuwasa.

Bok Sana kang dek samono isih melek” bareng kru ngu wong tangis-tangisan, bandjur gupuh metu, ngabar Pak Bei kang wektu semono isih lenggah deleg2 kaja lagi



— Aku ana ngendi iki?

ngardut sungkawa.

— Ana apa bu. — pandangune Pak Bei dikira sing teka mau sing putri.

— Dalem kok den Bei.

Pak Bei dadi kedandapan karo mandeng Bok Sana.

— Ana apa bengi2 rene.

— Punika wonten tijang tangis-tangisan den Bei.

— Wong tangis tangisan? Ana ngendi?

— Wonten wingking.

Den Bei Pradja bandjur tindak buri, ngasta batre. Sepira kagete weruh sing putri ana kono lagi muwuni. Nangisi wong kang djerbabah ora obah, lan nonoman kang ora lija Bedjo Santosa. Pak Bei dadi sumlengeren. Rekane arep golek pitulungan. Nanging dirasa kurang prajoga.

— Bune tangija, kowe lagi nangisi sapa kuwi.

Bu Bei dadi kaget karo tangi. Kagete saja wuwuh2, bareng oirsa kakunge ana kono ora apa2.

— Wis ajo da ditulungi disik, mesakake.

Pak Santa bandjur dibopong dening Bedjo Santosa, digawa menjang djero omah, diturokake ana dipan saka dawuhe Pak Bei. Nuli diupakara. Bu Bei ribut, gawe beras kentjur, lan ndjupuk lenga doklonjo. Ora suwe pak Santa dadi eling. Mripate kang tjilik mlerah iku dadi nglajung.

— Aku ana ngendi iki? — guneme lirih nglentruk.

Suwe Pak Santa mripate tempuk mandeng mripate Bedjo. Suwe anggone sawang-sinawang kaja ngono mau. Lorone pada meneng-menengan. Dumadakan Pak Santa ndjenggelek karo mbengok.

— Kowe Bedjo ta iki tibane. Bedjo anakku. — guneme karo ngrangkul kentjeng, nganti sing dirangkul bekah-bekuh, ora bisa ambekan.

Bedjo eling jen. bapake isih lara, bandjur diturokake

alon2. Atine kebak rasa geter. Eluhe wiwit tumetes maneh.

— Ija bener pak, aku Bedjo anakmu,

Pak Santa krungu wangsulane Bedjo bandjur lali. jen wektu iku ana daleme Pak Bei Pradja, sing daleme gek disik dimalingi. Ngertine lan rumangsane sing ana ngarepe iku mung Bedjo, anake kang wis lawas digoleki nembe bisa ketemu. Pantjen dek mau Pak Santa pangling. Nanging kegawa saka senenge lan rasa kangene marang anak. kang nembe ketemu. Katik saiki Bedjo saja katon nggantenge, katon gagahe. awake tetep wutuh lan tambah kuwat, mula tangise bandjur metu. Bedjo dikekep2 maneh.

— Bedjo, Bedjo, . . . kowe njata anakku tenan. Kowe adja lunga maneh ja ngger?

Bedjo mung mangsuli karo mantuk.

Nanging suwe2 Pak Santa dadi gragapan, bareng njawang kiwa tengene, lan lagi teturon ing dipan kang empuk, ing omah gedong. Deweke bandjur eling, jen ana omah kang bijen dimalingi. Saking wedine bandjur nde-prok ana djebon. Pasrah bongkokan karo Pak Bei kang djumeneng suwe wiwit dek mau, njawang wong loro sing lagi tangis-tangisan. mBok digantunga, dibeleha arep manut, ora arep budi, awit wis ngrumangsani luput.

— E . . . . ndika turon malih ontentipan niku, sampun ontentipan djebon mindak asrep, - ngono pangandikane Pak Bei karo marani alon.

— O . . . ndara Bek kula njuwun pangapunten ir kang katah wangsulane Pak Santa sirahe krasa ijekot2 maneh. Rasane abot, kaja ketindihan sepur.

— Pedjan gesang kula kula pasrahaken wonten ngarsanipun ndara Bei, - ngono sambunge.

Krungu wangsulane kaja ngono, Pak Bei dadi kaget, awit ora ngerini sing dikarepake Pak Santa mau, luput apa karo deweke, wong rumangsane ketemu bae ja lagi bengi iku. Mula Pak Bei kanti sareh bandjur pitakon

maneh, kepergin weruh apa djalarane dene bandjur dadi ndjaluk-panga; ura iku. Mestine tamune kuwi ngandut wewadi. Nanging bareng weruh Pak Santa dadi ora eling maneh, bandjur ditahan kersane, malah bandjur paring pitulungan saperlune.

Tamu2 sing pada lajat akeh sing teka, pada dilung-guhake ana gandok. Pak Bei bandjur dawuh njuguhi, luwih2 kang lagi ora eling, disedijani seger-segeran.

Nanging durung nganti suwe, ing djaba bandjur ke-prungu ana swaraning motor mandeg. Pak Bei gita metu, kepengin weruh sapa sing teka mau Pak Bei kaget, awit sing teka ora ana lija tamu saka Semarang Sulastini, karo Sudjadi, dene mburine maneh Pudja kango tangane dadi bandan.

Dene tekane mrono perlu arep masrahake Pudja, kang tetela tindake salah, kapindone arep njuwun pirsak Guritno, apa anggoné nglari kekasihe mau wis oleh gawe.

Kotjapa Bedjo, bareng weruh tamune mau Sulastini karo Sudjadi, kang dianggep dadi bodjone Sulastini, atine sanalika dadi kari samenir. Raine krasa panas kaja kobong. Rikuh pakewuh tumpuk undung dadi sidji.

— O . . . . lkjak memper, tibane anake maling, wong bapake ja brandal gede. - ngono pangirane Bedjo, mestine pandakwane Sulastini karo deweke.

Nanging pangirane Bedjo mau luput gede. Bateng Sulastini weruh kekasihe, ana kono tanpa nganggo rikuh-pakewuh maneh karo para tamu lijane Sulastini bandjur mlajoni, terus gapjuk ngrangkul Bedjo sakajange. Sing dirangkul dadi gragapan jan gumun banget. Ingatase ana bodjone, gek mantent anjar pisan, teka ngrangkul wong lija, wong kang wis nate gawe kapitunane.

— Mas Bedjo mas Bedjo . . . . - ngono pambe-ngoke sora.

Pambengoke Sulastini gawe kagete Pak Santa, eling

Bedjo mung plengah plengah wae, karo njawang Sulastini, sing disawa angga rumangsa. Bedjo anggone bungah awit nembe ngerti j-n dewe ke iku dudu anake Pak Santa, nanging putrane Pak Bei Pradjadigdojo. Wong kang brewu lan kadjen kerangan. Nanging bungahe bandjur meneng, ganti sedit. Sedih marga Sulastini kenja sing tansah dadi atine mau, wis dadi duweke Sudjadi. Kasusul Pak Santa pitakon.

— Gelange endi Djo.

— Wis ora susah diwangtsuli. Aku wis ngerti saiki ana ngendi gelange mau. — ngono panjelane Pak Bei karo njawang Sulastini.

Sulastini ngerti. Gelang sing digembol bandjur diungake Pak Bei. Lelakan mau saiki pranjata wis beres, Pudja sarehning wis terang salah. bandjur dipasrahake menjang Pulisi, dening Guritno kang ora suwe uga bandjur teka mrono. Nanging Bedjo tetep sedih atine.

Sudjadi ngerti menjang kasedihane Bedjo. Santosa, mula bandjur ngadjak guneman Sulastini, kang supaja Bedjo ngerti, jen Sulastini isih sutji, lan ora kawengku deweke. Awit Sudjadi ngerti, dikira Sulastini wis dadi sisihane, njatane kabar dimot ing lajang kabar.

— Tudjune dek anu sliramu ora sida dadi mantén karo aku ja dik. Senadjan bapak rumaos kawirangan, nanging rak sida mantu, senadjan mung mantu buruhe.

— Pantjen ngono mas Djad. Nanging kabeh2 saka mas Djad dewe. Saupama dek anu mas Djad kersa nglaconi dadi mantén karo aku. Tudjune mas Djad ora kersa. Mula aku matur nuwun banget.

Bedjo mak plenggong krungu guneme wong loro, bandjur melu sambung

— Dadi dik Tin dek anu kae ora sida dadi mantent?

— Ora mas, awit mas Djad ora kersa, awit ma Djad dewe wis kagungan patjangan ana Surabaja.

maneh saka kantakane. Lan gumun weruh anake agi di rangkul dening sawidjining kenja aju. Gumune ora ilang2 mula nganti suwe ora bisa guneman. mung tansah nja wang kanti ndomblong.

Mung Pudja sing bandjur tumungkul, ora wani njawang sapa2. Ing batin isin banget, ana ngarepe wong akeh, deweke dibanda.

Pleteking kabungahan lan katentreman wiwit sumorot ana ing dalem Pradjadigdajan. Bareng ana lelakon sing kaja mangkono. Sing salah kaweleh, sing betjik dadi ketutik. Pudja ora bisa gunemen apa2. Bu Bei njawang kanti gumun. Saja gumun maneh bareng Pak Santa bandjur ndjentrehake kahanane kang sedjati, lelakon telulikur tahun sing kepungkur. Sawidjining wengi kang sepi malem Selasa Kliwon, Pak Santa mlebu ing omah iki, mung saperlu njolong baji sing arep lahir. Kabeh mau ditjritakake kanti widjang lan tlesih, ora ana sing kliwatan. Malah nalika Bu Bei kaget weruh tekane, uga dikandakake kabeh. Kagete Bu Bei mahananan baji sing lagi dikandut bandjur lahir. Nanging baji terus digawa mlaju dening Pak Santa, kanti njrobot gelange Bu Bei lan slendang. Sing krungu pada kaget kabeh.

— Sanak sinten asmane? — ngono pitakone Pak Bei.

— Kula Upasanta ndara Bei. Satunggiling maling, durijana ingkang sampun kondang dug-deng.

— Lha anakkku sing ditjolong saiki ana ngendi?

— Karg putra boten sanes inggih Bedjo punika. Punika slendang kagunganipun. — matur ngono karo ndjupuk lendang kang kanggo ubel2 gulu. Bu Bei ndjerit, karo ngrangkul Bedjo.

— O . . . ngger, kowe dadi anakkku dewe. Kadekna esemu kaja eseme ramamu nalika isih timur.—Bu Bei na-nigis. Pak Bei deleg2.

— Dene bab gelang sapunika kula boten ngertos, prajogi dangu kemawon dateng keng putra Bedjo. — ngono sambunge ature Pak Santa.

O . . . dadi ngono ta. wangulané Bedjo Santosa katon gembira, ulate bali padang maneh. Mendung kang nutupi ilang sanalika.

Saking bungahie, sasat sawengi indebet dalem Pradjadidgajan katon rame, katon bali sumunar maneh. Nganti tamune pada bjär-bjaran ora rinasa.

Let sesasi saka kasebut ing duwur, dalem Pradjadidgajan katon padang ndjingglang. Tamune kebak, nganti tratraq padet, malah luber tekan dalem gede. Pak Bei Pradjadigdojo lagi kagungan mantu geden-gedenan, ngunduh manten putri saka Semarang, mantokake putra ne kakung Bedjo Santosa oleh Sulastini. Malah bengi iku diramekake wajang kulit, kang didalangi dening Bapak Narto aedo, sawidjinirng dalang sing wis kondang. Lalone ndjupuk lakon Rabine R. Gatutkotjo. Tamune padan gebjar kabeh.

Pengantene loro uripe lestari atut runtut, Pak Santa Jan bodjone saka kersane Pak Bei dikon manggon ing dalem Pradjadidgajan, ngiras pantes kanggo rewang.

Lan let telung sasi saka anggone dadi manten, Bedjo Santosa bandjur dadi Sukarelawan, lan sawise nglakoni latihan sa wetara sasi, bandjur dikirim menjang garis depan, perlu kanggo numpes adege negara Malaysia gawe-jane Inggris.

Sulastini ngetjulake sing lanang kanti lega lila, awit tindake sing lanang mau kanggo labulu menjang Nusa lan Bangsa, ngabdi menjang Ibu Pretwi kang lagi dikebogiro dening pihak Imperialis lan antek anteke Nekolim.

Hajo madju terus. Djebol terus. Tanam terus. Vive-re pericoioso. Ever onward, never retreat. Kita pasti menang. Kaja ngono entek entekane Gelora Dwikora kang tansah ngumandang saben dina liwat R. R. I. Televisi, kang tansah dirungokake dening Sulastini, kanggo njemangatake para sukarelawan/sukarelawati kang lagi ana garis ngarep.

T A M A T

TJERITA MASJARAKAT.

# DURD'JANA TAM A

Karangane

ANY ASMARA

*Karangane  
lari*


SOEDHARMO - K.D.

GAMBAR:

KENTARDJO

Kawetokake dening

C. V.



ANGGAUTA IKAPI.